EDISI 09
JANUARI - APRIL
2018

swaratama

Mbangun Kuncaraning Basa, Sastra, lan Budaya Jawa



NGUDARASA
TATAKRAMA
Kang Tinarbuka

CERKAK
MENDHUNG ANGENDANU ING LANGIT BANG KANGKUNG

KAWRUH SASTRA
Sinau Ngripta CERKAK

KOMIK
Supatane Begawan Sukra 8-9

DITERBITKE DENING BALAI BAHASA JAWA TENGAH



ꦲꦱꦶꦁꦱꦥꦮꦢꦶꦲꦶꦁꦭꦸꦥꦸꦠ꧀ꦮꦤꦶꦲꦶꦁꦧꦺꦴꦤꦼꦂ꧉
ꦆꦏꦶꦏꦩꦂꦁꦏꦤ꧀ꦭꦶꦤꦸꦮꦶꦃ꧉꧉

Sing sapa wedi ing luput wani ing bener, iku kalebu manungsa linuwih.

BENER lan luput, dadi wewengkoning laku tumrap pakarti ing jagad gumelar iki. Kekarone nedya sesandhingan wiwit ing mula, saiki, lan tumeka samengko pungkasing jagad. Bener sarta luput yekti dadi pilihan saben titah. Kabeh bisa milih kanggo sing bener utawa sing luput.

Ewa semana minangka sawijine pilihan, kekarone dudu perkara kang padha, jalaran bener iku perangan kang utama dene luput iku perangan kang asor. Minangka perangan sing beda, kekarone prasasat lenga karo banyu, mokal bisa nyawiji. Jejering manungsa, sabisa-bisa nyingkiri ing luput sarta ngudi ing bebener.

Bareng klawan lakuning jaman, manungsa ing wektu saiki selot kalimput ing pamawase. Dadi selot ringkih kanggo mbedakake ing bener sarta luput. Nanging yekti tetep ana kang linuwih, yaiku manungsa kang tansah ngasah ing kekuwatan dhiri. Wujude yaiku, kudu tetep wedi ing pakarti luput sarta wani kanggo nindakake ing bebener. Manungsa kang mangkene iki kang kinaran manungsa linuwih. Manungsa kang tetep rosa sarta kendel ngugemi ajining manungsa sejati. Ing bener minangka dadi pilihan uripe. (yan)

Pesenan iki diaturke dening :
BALAI BAHASA JAWA TENGAH




Foto Google

Banjur Ana Ngendi Dununging Kamulyan

Dening : YAN TOHARI

Banjur ana ngendi dununging kamulyan? Pitakon iku akeh dadi swara panggresah ing sakehing bebrayan. Pitakon kang selot nandhesake lamun mulya iku adoh papane, rumpil sarta lunyu kanggo dicekel. Mulya prasasat cumanthel ing langit utawa ambles ing dhasar samodra. Satemah mulya dadi pangudi mring sadhengah pangluru lan sadhengah wektu.

Apa maneh ing saiki, ing jaman sarwa palsu, urip mulya, akeh kang cluluk dadi barang langka. Saben-saben sing keprungu, akeh kang owah pikire, gendheng, malah mungkasi urip kanthi pawadan gagal nggayuh kamulyan. Urip cingkrang, rana-rene kesandhung utang, cabar nyukupi butuh, kataman lelara, lan sapanunggalane. Pokok kamulyan, dadi panggayuh sing selot mokal kanggo karanggeh?

Mangkono, gelaring kasunyatan kang prelu katlesih maneh. Apa ta satemene ukuran, tenger utawa dudutan mring panemu urip mulya. Apa mulya iku kaukur klawan akehing bandha? Utawa katengeran klawan pangkat dhuwur? Utawa mulya kaukur klawan apa-apa kang dadi karep lan pepenginane sarwa keturutan?

Manut pangerten ing bebrayan Jawa duking nguni, urip kinaran mulya lamun wis kacukupan klawan patang perkara, yaiku wisma, turangga, curiga lan kukila. Wisma tegese omah, kanthi omah panguripan bakal tumata papan dununge. Turangga, sing bisa ditegesi tetumpakan. Klawan tetumpakan sing wektu biyen kawujudake turangga bakal

MILIK PERPUSTAKAAN
BALAI BAHASA JAWA TENGAH

Ewa semana aneh, genea selot maju jaman kepara tambah akeh kang sambat angel kanggo urip mulya. Kamangka ajuning jaman nuduhake marang tambahing piranti kang sarwa nggampangake uripe manungsa.

nggampangake anggone lelungan. Nuli curiga, tegese piyandel kanggo njaga dhiri lan kawibawan. Pungkasane kukila, yaiku manuk klangenan kang bisa dadi lelipur jroning uripe.

Mawas pangerten urip mulya manut bebrayan Jawa duking nguni iku yen katandhingake marang kasunyatan saiki, mbokmanawa dudu bab angel maneh kanggo urip mulya. Wisma, ing panguripan saiki wis dudu perkara angel. Turangga utawa tetumpakan, wis dudu winatesing kuda. Nanging sruwa-sruwi sarwa mesin, lumakune tansah nurut karepe kang numpaki. Banter utawa alon, amung cukup nguntir utawa midak gase. Sabanjure curiga, jaman saiki curiga amung dadi pepajangan. Wis ora ana prelune menyang ngendi-endi nggawa gegaman. Awit wis ora ana mungsuh kaya jaman nguni. Semono uga kukila, dadi bab kang murah, ngendi-endi ana, amung kari milih sasenenge.

Ewa semana aneh, genea selot maju jaman kepara tambah akeh kang sambat angel kanggo urip mulya. Kamangka ajuning jaman nuduhake marang tambahing piranti kang sarwa nggampangake uripe manungsa. Gampange urip ateges laras klawan kamulyan kang lumrahe dadi gegadhangane manungsa. Mbokmanawa kurang papan lan wektu, yen ta kudu njlentrehake mungguh enake manungsa saiki yen katandhing klawan puluhan utawa atusan taun kepungkur. Saiki, akeh sing tanpa kringet, tanpa owah saka panggonan kanggo mujudake apa-apa kang dikarepake. Nanging genea, isih ana sing kandha kesarakat?

Minangka njajagi marang kanyatan kang mangkono iku mbokmanawa kita bisa teteken pitutur ing *Serat Wedhatama*; *mangka kanthining tumuwuh, salami mung awas eling, eling lukitaning alam, wedi wiryaning dumadi, supadi nir ing sansaya, yeku pangreksaning urip*. Saka tembang kinanthi iku nandhesake yen pundhes utawa tumuwuhing kamulyan sayekti mapan kepriye kita ngreksa urip. Mulya utawa cilaka ing panguripan, mapan mungguh kepriye kita kasil nguwasani urip iku.

Mula bareng kita tlesih kanthi permati, yen garis kahanan rasaning urip mono nganti kapan wae ora ana kang owah, jaman maju apa ora maju, manungsa tetep kajibah ing loro pangrasa, yaiku gampang lan angel, padhang lan peteng, susah lan bungah, kalebu mulya apa cilaka. Nuli kang dadi mbedakake ing siji lan sijine yaiku kanthi cara piye kita nanduki kekarone. Kanthi cara sing kepriye kita kuwawa ngemonah rasa loro iku minangka kaelokaning urip. Minangka jejibahan manis jejering manungsa.

Jroning ngadhepi iku, wis jumbuh kalamun Sinuhun Mangkunegara IV nuturake yen urip prayoga tetep ngemonah rasa awas lan eling. Kalebu eling lukitaning alam. Alam pancen asring dadi barang melok kang nggodha pikir. Saengga akeh kang ngarani mulya cilakane urip kanthi ukuran meloking alam, apik sarta akehing apa kang kadarbeni. Sawijine sarat kang angel kelakon. Awit ing ukuran kadarben, saben-saben manungsa bakal rumangsa sarwa kurang yen ndeleng marang apa sing wis didarbeni ing liyan. Yaiki underane, temah mulya minangka bab sing angel karanggeh. Awit pikir wis kinebakan marang apa kang dadi pepenginane, dudu kang wis ana sandhinge.

Wusana, yen urip gampang narima marang apa kang wis ana, bakal kesandhangan urip tentrem. Susah apa bungah, ana utawa ora ana, iku pepancene urip sing kudu dilakoni kanthi panarima. Awit iku pepancenane Gusti Kang Maha Pirsa. Sumarah iku ateges kita wedi weryaning dumadi. Temen, Gusti datan sare. Saengga mulya lan cilaka iku amung winates kepriye kita nguwasani rasa ing urip. Wekasane, bener apa kang katulis Andrew Matthews ing bukune *Being Happy*, yen sira kepengin urip mulya ora ana liya carane kajaba sira kandha "aku mulya". (*)

DAFTAR ISI



8


Penghargaan Prasidatama 2017

APRESIASI KANGGO SASTRAWAN JAWA TENGAH

Basa Lan Sastra Nagih Janji

Dening : Ahmad Tohari

Saben 28 Oktober Bangsa Indonesia méngeti dina Sumpah Pemuda sing déikrarna daning para enom-enoman 89 taun kepungkur.



KAWRUH SASTRA



14

Sinau Ngripta Crita Cekak (Cerkak)


Dening: Iman Budhi Santosa

LAYANG SING KESANGSANG

Gregorio Lopez Y Fuentes

Mung ana omah siji mapan ing pereng gumuk kuwi. Saka kono katon cetha wela-wela kali kang lagi asat banyune. Kandhang jaran, tegalan jagung, lan tanduran kacang ijo sing nedheng-nedhenge kembang. Nalika semana meh pungkasane mangsa ketiga. Nanging, udan durung paja-paja tumurun. Kamangka sing ditunggu bumi lan titah ya mung kuwi. Udan utawa grimis sing bakal nambani garinge donya, tuwuhan, pategalan, lan ara-ara.

KAWRUH BASA



Panganggone Tembung "Kowe" ing Pabrayan

Aja nyalahake bocahe, ananging salahna wong tuwane kang ora tanggap marang basa kang dianggo dening putra-putrane ing saben dinane.

18

Dening: *Adi Deswijaya*

GEGURITAN

Gurit Kanggo Ibu

sliramu ora saderma
bumi
nuwuhake jiwa-jiwa
mekar edi
nanging sliramu
uga rembulan lan srengenge
madhangi laku
adoh parane
jembar tebane

nanging, ibu
aja kaget yen anakmu
saiki lagi bisa ngeja
ukara sing ana dlamakanmu
ketang ora sora

2016



RESENSI BUKU



24

Sakeplasan tumrape Buku Lancar Maca Jawa

21

CERKAK



26

MENDHUNG ANGENDANU ING LANGIT BANG KANGKUNG

Dening: *Sri Wintala Achmad*

WACAN BOCAH

RECA KANG BISA TATAJALMA

Dening: Rita Nuryanti

29

"Eh, kanca-kanca! Wis padha krungu kabar durung? Reca ngarep kantor kecamatan kae, yen ngerti dijak omong-omongan bakal bisa tatajalma kaya manungsa lumrah."

MACAPAT
KIDUNG SWARATAMA 31
(Sêkar Sinom Wulang Jiwa)

32 WARTA RINGKES



MGMP Basa Jawa SMP Banyumas Nganakake Pelatihan Nulis

NGUDARASA

TATAKRAMA KANG TINARBUKA 32
Dening: Jefrianto



SWARA DWIJA



PIWULANG JAWA WEWEH KONTRIBUSI MANGUN KARAKTER 36

Dening: Sri Paminto

Pengurus MGMP Bahasa Jawa SMA Provinsi Jawa Tengah

Miris mangerteni kabar tiwase Ahmad Budi Cahyono, guru kesenian ing SMAN 1 Torjun, Kabupaten Sampang, Madura, Jawa Timur kang dipilara muride dhewe. Genea kadadean mangkono bisa kalakon? Sapa sing kudu disalahake? Bocah ndhugal mau, wong tuwane, para guru, apa pasrawungane anggone dolan?

WARA-WARA

Redaksi nampa tulisan saka para maos. Tulisan bisa kakirimake liwat email **majalah.swaratama@gmail.com** utawa dikirim menyang alamat redaksi, Balai Bahasa Jawa Tengah Jalan Elang Raya nomor 1, Mangunharjo, Tembalang, Semarang 50272. Tulisan kang kapacak bakal entuk bebungah saka Balai Bahasa Jawa Tengah

swaratama
majalah basa jawa

Mbangun Kuncaraning Basa, Sastra, lan Budaya Jawa

SUSUNAN REDAKSI

Penanggung Jawab : Dr. Tirto Suwondo M.Hum ~ **Pemimpin Utama :** Drs. Suryo Handono, M.Pd ~ **Pemimpin Redaksi :** Kustri Sumiyardana, S.S., M.Hum ~ **Sekretaris Redaksi :** Sunarti, S.S., M.Hum ~ **Redaktur Pelaksana :** 1. Yan Tohari, 2. Widiyartono, 3. Triman Laksana ~ **Redaktur** : 1. Bambang Sulanjari, M.A., 2. Umi Farida, S.S., 3. Tri Wahyuni, S.S, 4. Sutarsih, S.Pd., M.Pd. ~ **Reporter :** 1. Drajat Agus Murdowo, S.S., M.A, 2. Mochammad Fikri, S.S., 3. Akhid Anshori Setiawan, A.Md ~ **Desain Grafis dan Tata Letak** : Danang Ardianto ~ **Ilustrasi :** Ahmad Rofiq ~ **Keuangan** : Lely Siti Fatimah, S.E., M.Si ~ **Sirkulasi :** 1. Lungid Ismoyo Putro, S.H., M.H., 2. Agus Sulistyo



Triman Laksana
entuk anugrah Prasidatama kanggo tokoh basa lan sastra Jawa

Penghargaan Prasidatama 2017

APRESIASI KANGGO SASTRAWAN JAWA TENGAH

Prasidatama kuwi jenenge penghargaan kanggo wong-wong lan instansi kang duwe kiprah utawa labuh labet kang gedhe ing babagan basa lan sastra.

Pungkasan taun wingi, penere 28 November 2017, Balai Bahasa Jawa Tengah masrahake *penghargaan Prasidatama* ing auditorium RRI Semarang. *Prasidatama* kuwi jenenge *penghargaan* kanggo wong-wong lan instansi kang duwe kiprah utawa labuh labet kang gedhe ing babagan basa lan sastra. Taun 2017 iki, ana enem kategori, yaiku *Tokoh Bahasa dan Sastra Indonesia, Tokoh Bahasa dan Sastra Jawa, Penggiat Bahasa dan Sastra Indonesia, Penggiat Bahasa dan Sastra Jawa, Pendidik Peduli Bahasa dan Sastra,* lan *Penggiat Sastra Panggung*.

Saka *nomine-nomine* mau dipilih *tokoh* kang entuk anugrah *Prasidatama*. Sosiawan Leak entuk anugrah *Tokoh Bahasa dan Sastra Indonesia*. Triman Laksana entuk anugrah *Tokoh Bahasa dan Sastra Jawa*. Bandung Mawardi entuk anugrah *Penggiat Bahasa dan Sastra Indonesia*. Sayuti Anggoro (alm) entuk anugrah *Penggiat Bahasa dan Sastra Jawa*. S. Prasetyo Utomo entuk anugrah *Pendidik Peduli Bahasa dan Sastra*. Dene, Gigok Anurogo entuk anugrah *Penggiat Sastra Panggung*.

Ing kalodhangan iku Dr. Tirto Suwondo, M.Hum. ngandharake manawa anugrah *Prasidatama* wis diwiwiti saka taun 2013. Sabanjure, meh saben taun Balai Bahasa Jawa Tengah tansah menehi anugrah *Prasidatama*, kejaba ing taun 2016. Ananging, kanggo taun 2018 cak-cakane bakal diowahi sethithik. Ing taun iki *Prasidatama* bakal diwenehake kanggo buku-buku basa lan sastra kang diterbitake

ing Jawa Tengah. Bab kuwi kanggo nggrengsengake sastra lan literasi ing Jawa Tengah. *Tokoh* utawa paraga kang sengkud ngrungkebi basa lan sastra tetep diwenehi, nanging mengkone bakal limang taun pisan.

Acara iku uga dirawuhi Ahmad Tohari, salah sawijining paraga panampa anugrah *Prasidatama* 2014. Kang Ahmad Tohari maringi sesorah kanthi irah-irahan "Basa lan Sastra Nagih Janji" (kang versi Banyumasane kapacak ing edisi iki). Miturut Kang Ahmad Tohari, basa Indonesia pancen wis saya tuwa, ngancik 89 taun, nanging basa kuwi sangsaya keteteran ngadhepi basa lan kabudayan manca. Mula, pamarentah kudu melu cawe-cawe ndandani kahanan mau.

Saliyane anugrah *Prasidatama*, ing dina kuwi uga dianakake acara *Peluncuran Antologi Puisi*. Dene buku kang dirembug yaiku *Merawat Kebinekaan* kang dibabar dening Balai Bahasa Jawa Tengah. Akeh sastrawan kang nyumbangake karyane ana buku iku. Ing kalodhangan iki Bandung Mawardi menehi panyaruwe. Miturut Bandung buku *antologi* kuwi pancen apik, nanging eman racake *puisi-puisi* kuwi --manut istilahe Bandung—kalebu *puisi atlas*, yaiku mung nuduhake endahe Indonesia kang maneka warna saka Sabang nganti Merauke.

(Tim Swaratama)



Panampa anugrah lan nomine kanggo Penggiat Basa lan Sastra Jawa



Dr. Tirto Sawondo, M.Hum. maringi sesorah ing acara Penghargaan Prasidatama


Panyarta kang rawuh ing aula RRI Semarang



Kang Ahmad Tohari paring sesorah

Basa Lan Sastra Nagih Janji

Dening : Ahmad Tohari



Saben 28 Oktober Bangsa Indonesia méngeti dina Sumpah Pemuda sing déikrarna daning para enom-enoman 89 taun kepungkur.

Ikrar kuwé dadi janji lan tekadé masrakat lan bangsa Indonesia nggo nuwuhna kesadharan lan mbéla *kesatuan* bangsa Indonesia lan ndadékena basa Indonesia dadi basa sing bisa ndadekena masrakat nyawiji. *Sumpah Pemuda* 28 Oktober 1928 dedadekena gili tekane *Proklamasi Kemerdekaan* RI 17 Agustus 1945. Kiyé bisa kaleksanan merga telung bab sing ana neng *Sumpah Pemuda*, yakuwé *nusa*, *bangsa*, lan *bahasa* dadi sing dadi sarat utama lairé sewijiné negara. Rasa katresnan lan opén maring nusa, bangsa, lan bahasa Indonesia kudu padha lan sedrajat.


Umuré sing wis ngancik 89 taun kiyé ndadekena bahasa Indonesia dadi lewih maju. Basa Indonesia temenanan dadi basa manunggale sekabéhé rakyat Indonesia. Basa *persatuan* kiye nuwuhna kesadharan mangun bangsa lan kiye ewis ngrasuk maring ati sekabéhé rakyat sing ana neng Indonesia sing nduweni pulo cacahe ewonan. Saéngga basa Indonesia dadi pepek tembung sing sumberé sekang khazanah basa dhaérah. Siki malahan bisa kasebut saben basa dhaérah awéh urun maring tembung bahasa Indonesia. Kiye bisa

dedeleng sekang tembung-tembung basa dhaerah sing ana ning *Kamus Besar Bahasa Indonesia.*

Kejaba kuwe, basa dhaerah nduweni posisi dadi sumber *kearifan lokal,* kiye ana neng Undang-Undang nomer 24 taun 2009. Dadi ewis dadi kuwajibane awake dhewek sing ngrumangsani urip neng Indonesia njaga lan nguri-uri basa dhaerah supaya ora ilang keterak *globalisasi.* Indonesia nduweni maneka warna suku lan basa dhaerah. Basa-basa dhaerah sing cacahe kira-kira 600-an kuwe dadi basa ibu sing diomongna kanthi lanyah maring wargane, nanging ana basa ibu sing meh ilang merga wargane ora teyeng maning ngomong. Kiye ndadekena pemrentah dhaerah nggawe peraturan sing ngayomi basa ibu kuwe. Contone Jawa Tengah siki ewis duwe peraturan dhaerah sing ngewajibna masrakate nganggo basa Jawa angger dina Kemis. Tegesé, kewajiban sing kawitan neng bab basa yakuwé nglestarikna basa dhaerahé dhéwék. Aja ngasi awaké dhéwék ora dhemen maring basa ibune dhewek lan ora teyeng ngomong basa dhaerah. Angger ewis kaya kuwé, basa dhaerah bakalan ilang lan Basa Indonesia kélangan sumberé. Lewih sekang kuwé, angger basa dhaerah ilang ruginé neng bab kabudayane. Merga, PBB liwat UNICEF ewis netepna tanggal 22 Pebruari dadi Dina Basa Ibu Internasional.

Njikot sekang Basa Asing

Njikot tembung sekang basa asing uga kudu delakoni merga srawungan antarane bangsa neng dunya uga ngrembakane ilmu lan teknologi. Malahan ewis kawit



jaman kuna mekuna. Siki, neng basa Indonesia akeh temenan tembung sing asalé sekang basa asing, kayadéné basa Sanskerta, Arab, Cina, lan basa-basa sekang Eropah. Ningén, kuduné njikot tembung sekang basa asing mung nggo nambahi tembung basa Indonesia, ora nggo nggenti tembung sing ewis ana. Tembung-tembung sing njikot sekang bahasa asing contoné *listrik* lan *frekuensi* pancén prelu dejikot merga durung ana tembung asli neng basa Indonesia. Tegesé, njikot basa asing nggo nambah *kosakata* ora prelu nyingkirna tembung asli sing ewis mapan neng basa Indonesia merga bakalan mubah. Aja ngasi ngger nambah tembung siji sekang basa asing, ningén tembung siji sing asli malah kesingkir utawa ilang. Contoné, tembung *bantuan* bisa baé kesingkir dening tembung *donasi* sing siki asring déenggo. Njuran tembung *binatu* wis ilang merga wis déganti *laundry*. Malahan, istilah *bupati cup* utawa *Ayu Salon*, seliyané bakal ngilangna tembung *piala* uga nglanggar ukum DM (*diterangkan dan menerangkan)*. Sing mrihatinake maning yakuwe kahanan kiyé ewis thukul neng masrakat merga biasané wong ngrasa lewih gagah angger nganggo tembung *bupati cup* tenimbang *piala bupati*. Kiye bisa dadi bebaya temenan kanggone basa dhaerah uga basa Indonesia siki.

Jatidhiri Bangsa

Basa dadi ciriwanciné budaya bangsa. Merga kuwé, pas banget angger désebutna basa Indonesia dadi wujud jatidhirine sing paling wigati kanggo bangsa Indonesia. Ana sesanti, *basa ciriwanciné bangsa*. Watek lan kepribadén bangsa bisa dédeleng sekang basa sing déenggo; apa basa Indonesia ewis dadi wantég lan tertib?; apa majuné basa Indonesia kuwé terus dejaga lan sapanunggalané. Angger pancén kaya kuwé, awaké dhéwék kudu takon, kepriwé kahanané basa Indonesia siki?

Umumé kahanan basa Indonesia siki ewis maen. Basa tulis neng buku lan media cétak ésih tetep nganggo aturan sing ewis maton. Basa tutur neng radhio lan tipi uga ésih maén. Ningén mriyatinaken angger ngrungokna akeh nom-noman sing agi bae padha

ngomong. Umume bocah nom dhemen temen ngomong nganggo basa sekepenaké dhéwék. Kayané bocah nom ora rumangsa duwéni kewajiban ngrumat lan nganggo basa Indonesia kanthi rasa tresna lan tanggung jawab. Kiyé merga para nom-noman urung sadhar lamon ngomong nganggo basa sing tertib, apik, lan pener bisa gawé beningé pikir lan ndadékna kapribaden sing duwé *karakter*. Pancén majuné *"bahasa gaul"* ewis sumebar neng sengalam dunya. Ningén kedadeyan neng Indonesia kiyé kayané ewis kebablasan temenan.

Contoné nulis *status* neng media sosial, para nom-noman cokan nganggo basa sesenengé dhéwék. Masalah kiyé kuduné dadi kawigatén sing temenanan, merga angger deterusna bisa-bisa para nom-noman bakalan ora dhemen lan ilang keprigelané nganggo basa Indonesia kanthi apik tur pener. Mangkané neng *Sumpah Pemuda* awaké dhéwék ewis ngucapna sumpah bakalan mbélani lan ndadékena basa Indonesia dadi basa sing nyawijekna. Pancén ana bedané antarané basa maton utawa basa baku lan basa pocapan, ningén kuduné ora kebangeten bédané.

Téyéng Basa Asing

Sewisé prigel nganggo basa ibu lan basa Indonesia, seterusé téyéng mahami, nulis, lan ngomong nganggo basa asing kuwé bab sing kudu delakokna. Upaya kanggo ngundhakna budaya maca tulis neng Indonesia uga klebu maca tulis basa asing. Basa asing kawitan sing kudu dépahami yakuwé basa neng bab ngibadah. Contoné, sing agamané Islam kudu ngreti basa sing déenggo nggo ndonga utawa ngibadah liyané. Semana uga sing agama liyané, kudu ngreti basa sing déenggo ngibadah neng agamané.

Njuran basa asing liyané sing kudu desinaoni yakuwé basa Inggris, ningén ora mung basa Inggris thokan. Kepriwé awaké dhéwék bisa teyeng ngundhakna *daya saing* neng masrakat sandunya angger ora téyéng basa asing. Ningén kasunyatané neng kumpulane bocah-bocah sing esih dadi *pelajar*, mahasiswa, utawané sarjana baé ésih semendhing sing teyeng, apa maning masrakat biasa. Ningén senajan kaya kuwé akéh temenan tembung-tembung basa asing neng masrakat. Durung suwé kiyé ana tembung *full day school*, mangkané *sekolah sehari penuh* mesthi lewih gampang déngreteni. Njuran ana maning tembung *mid semester, try out,* lan *study tour* asring banget deenggo neng *bidang pendidikan*. Nyong tau weruh ana guru pembina jumawa banget nganggo jakét pramuka sing neng mburiné ana tulisan *Scout of Change*. Njuran, sekéthéng sekolah neng desané ana tulisan *Welcome to SDN....* Kiyé ndadekena ana pretakonan, nggo ngapa lan nggo sapa tulisan basa asing kuwé?

Kahanan kiyé kudu dédandani. Pancén bener awaké dhéwék kudu téyéng basa asing lan teyeng nganggokena neng tulisan utawa pocapan. Angger ora, awaké dhéwék bakalan ketinggalan ning undhakane jaman. Ningén basa asing kuduné detrapna neng panggonan lan wektu sing pas. Awaké dhéwék ora kena klalén maring kewajibané yakuwé ngutamakna basa Indonesia. Angger dudu awaké dhéwék, njuran sapa? Seliyané kuwé, kesemangaten nganggokena basa asing neng negarané dhéwék bisa ndadekena ora apik. Contoné, pirang-pirang negara neng Asia, basa Inggris ewis dadi basa sing utama, lan basa asli malahan dadi basa sing nomer loro. Basa Tagalog neng Philipina, bahasa Urdu neng Pakistan lan India, malahan basa Melayu neng Malaysia ewis dadi basa nomer loro neng negarané dhéwék. Merga kuwé, marang saben dinané mayuh padha nganggo basa Indonesia utawane basa ibune awake dhewek. Kuwé ewis dadi sumpahé awaké dhéwék neng Sumpah Pemuda. Seliyané kuwé awaké dhéwék uga kudu nata jatidhiri sing kuwat neng tengahé *pergaulan* neng dunya kiye. Uga nglestarekna basa dhaerah lan kudu terus ngupayakna awake dhewek téyéng basa Inggris, Walanda, Jepang, lan liya-liyané.

Kasusastran Nagih Janji

Bangsané dhéwék agi ngalami paceklik batin neng bab penguripan apa baé. Uga akéh sing ngresula mung semendhing wong sing téyéng ngucapna Pancasila sing bener. Ningén ora nana wong sing ngangluh lan preduli maring kasunyatan sastra sing ewis suwé banget dejorna. Mangkané, sastra kuwé salah sijine wadhah sing wigati nggo nandur lan ngrembakakna bobot kemenungsan lan kesopanan. Sastra ngasah batin kanthi alusing rasa. Sastra dadi dalan sing nggawa menungsa maring seimbangé nalar lan rasa.

Sastra ngasah landhepé jiwa nggo ngreténi endi bab sing apik lan sing ala, endi sing patut lan endi sing ora patut, endi sing mulya lan endi sing nistha. Daya asah kuwé ana neng sejroné sastra dhaerah, Indonesia utawané sastra dunya neng wujud guritan, *prosa* utawané péntas. Angger ora preduli maring

sastra apa awaké dhéwék téyéng dadi menungsa sing duwé rasa, duwé budi lan duwe laku sing maen sing kuduné ana neng wong sing jiwané Pancasila? Sastra pancén dudu sekabéhané. Ningén kahanan jaman siki sing srakah, kasar, ora adil, lan ilangé sopan santun ana sewisé awaké dhéwék ora preduli maring sastra. Contoné rata-rata tamatan SMA neng Indonesia maca mung kurang sekang sakbuku sastra. Mangkané neng Malaysia rata-rata 16 buku, Jepang 25, lan Amerika Serikat 32 buku. Data kiyé asring deomongna déning sastrawan senior Taufiq Ismail. Ewis kebukti neng negara-negara maju malah ndadekena sastra bab sing wigati neng penguripan.

Mesthiné awaké dhéwék ora kepéngin masalah sing ora apik kiyé kebanjur lewih suwé maning. Mulané pemrentah ewis molahi temindak nggo mbenerna kahanan, contoné kanthi *gerakan literasi* (maca nulis) neng sekolah. Pemrentah uga janji arep ngundhakena buku wacanan sastra. Para *dosen*, guru sastra, mahasiswa, pelajar, lan masrakat *kepustakaan* kuduné nyambut langkah pemrentah kiyé kanthi seneng.

Seliyané kuwé, pemrentah uga kudu ngowahi sikapé maring panganggit sastra. Pajak PPh bayaran (*royalty*/honor) para panganggit 15 %. Kanggoné panganggit sing bukuné laris, pajak sing gedhé kuwé ora gawé masalah. Ningén kepriwé nasibé para penyair (sepuisi bayarané mung Rp. 25.000) lan panganggit crita cekak (bayarané mung 0 – 300.000 – paling dhuwur 1,5 juta)? Bayaran sing ora sepiraha kuwé biasané ewis pirang-pirang wulan déenténi, lan angger nampa ewis desuda 15 %. Tegel temenan, magané nulis puisi utawa crita cekak lewih angél tenimbang nulis naskah kiyé.

Dadi, angger bener awaké dhéwék ewis ndadékna Pancasila dadi falsafahé urip, sastra kudu déuripna maning. Merga ngreteni lan ngamalna Pancasila ora cukup mung kanggo





nalar, ningén uga kudu nganggo alusing rasa. Tegesé, sastra bakalan nglancarna awaké dhewek nglasanakna janji kuwé, janji dadi wong Pancasilais.

* ***Ahmad Tohari***

Penampa Nugraha Prasidatama

Balai Bahasa 2014



Sinau Ngripta Crita Cekak (Cerkak)

Dening: Iman Budhi Santosa

Ide Cerkak

Tumrap sapa wae kang durung mumpuni ngripta/ngarang crita cekak (cerkak), gelem ora gelem kudu sinau (*latihan*) luwih dhisik. Carane sing paling gampang, sepisan, sinau nggoleki, milihi (nintingi), lan nemokake prastawa sing arep didadekake cerkak. Kaping pindhone, sinau ngarang cerkak kang wujud tulisan. Ateges, cerkak mau ditulis nggunakake basa lan tatanan (*konstruksi*) sing wis dadi angger-angger ing jagading kasusastran Jawa modhern.

Prastawa sing didadekake cerkak bisa diangkat saka: 1) kasunyatan sing nate dialami dening sadhengah titah, 2) tuwuh saka rekadaya angen-angen utawa imajinasi, 3) campuran antarane kasunyatan lan angen-angen (*imajinasi*). Aja lali, kudu nemokake alasan kang gumathok, kena apa prastawa mau bakal kagubah dadi cerkak. Tegese, apa maknane prastawa mau tumrap bebrayan agung satemah pantes yen didadekake cerkak lan diwaca wong akeh. Miturut dhawuhe Prof. Umar Kayam (alm), ngarang cerkak (*prosa*) aja lali nggunakake matra-matra kang dicekak dadi PIN: *pengalaman* (*empiris*, *intelektual*, *religius*), *informasi*, *nilai*.

Prastawa sing pantes didadekake cerkak, contone mangkene:

- Ana nom-noman lanang rada owah pikire (setengah edan) asring gawe onar ing kampung jalaran dipoyoki dening bocah-bocah. Serik amarga dipoyoki mau dheweke banjur lapur menyang Pak Lurah supaya bocah-bocah diukum, awit dheweke ora rumangsa owah (edan). Wiwitane Pak Lurah bingung nampa palapuran mau. Nanging, pungkasane nemokake akal. Pak Lurah saguh ngandhani bocah-bocah angger nom-noman mau gelem dadi tukang kebon lan jaga motor tamu ing kantor kelurahan. Pak Lurah uga janji menehi

tukon rokok. Nom-noman mau nyaguhi. Pranyata, sawise nyambut gawe ing kantor kelurahan, baka sethithik aten-aten lan laku patrape bisa didandani.

Dene alasane prastawa mau didadekake cerkak, utawa asring diarani *pesan moral* udakara mangkene: 1) ngelingake sapa wae aja gampang-gampang ngunekake edan marang wong edan, jalaran dheweke bisa nesu yen diunekake kaya ngono, 2) ngati-ati ngadhepi wong edan jalaran pikirane ora waras kaya manungsa liyane, 3) gunakna cara sing pas kanggo mbengkas prakara kang diadhepi, 4) patrape wong owah pikiran bisa luwih ditata (didandani) kanthi ngajari nyambut gawe.

Menawa prastawa iki arep digubah dari cerkak, carane kira-kira mangkene:

1. Prastawa mau dipilah dadi perangan kang bakal dadi intine (undherane) crita cekak
   - Ana nom-noman rada owah pikire (setengah edan) asring gawe onar ing kampung jalaran dipoyoki bocah-bocah.
   - Jalaran serik amarga dipoyoki mau dheweke lapur menyang Pak Lurah supaya bocah-bocah diukum, awit dheweke ora rumangsa owah (edan).
   - Wiwitane Pak Lurah bingung nampa palapuran mau. Nanging, pungkasane Pak Lurah nemokake akal. Pak Lurah saguh ngandhani bocah-bocah angger dheweke gelem dadi tukang kebon lan jaga montor tamu ing kantor kelurahan. Pak Lurah uga janji menehi tukon rokok. Nom-noman mau nyaguhi.
   - Pranyata, sawise nyambut gawe ing kantor kelurahan, baka sethithik aten-aten lan laku patrape bisa didandani.
2. Saben perangan mau coba digambarake, dijlentrehake, dicritakake kedadeane. Tegese, saben perangan ditulis dadi 1 *halaman kertas A4, spasi* 1,5, *font Times New Roman* 12, *margin standar*.
3. Kanthi mangkono ora krasa Panjenengan wis kasil ngripta cerkak dawane 4 kaca.
4. Sabanjure coba ajar ngripta cerkak 5 kaca nganti udakara 10 kaca saka prastawa kang beda-beda. Umume dawane cerkak pancen antarane 5 – 10 kaca ukuran A4.
5. Dene carane nulis lan basane sumangga maos lan nyetitekake (nyonto) cerkak sing ana ing koran/majalah/buku. Tegese cerkak mau ora mung diwaca (diapresiasi) nanging disinaoni. Nggoleki kepriye carane nulis (nyritakake) kanthi nggunakake tatanan lan basa Jawa sing trep tumrap kreator lan masarakate.
6. Laku mangkene iki padha karo ngetrapake dhawuhe Ki Hajar Dewantara (alm) ngenani teori pengajaran N-3: niteni – nirokake – nambahi.

Ana conto cerkak terjemahan sing kena kanggo tetimbangan sawetara. Sumangga diapresiasi lan dikritisi bebarengan.



LAYANG SING KESANGSANG

Gregorio Lopez Y Fuentes

Mung ana omah siji mapan ing pereng gumuk kuwi. Saka kono katon cetha wela-wela kali kang lagi asat banyune. Kandhang jaran, tegalan jagung, lan tanduran kacang ijo sing nedheng-nedhenge kembang. Nalika semana meh pungkasane mangsa ketiga. Nanging, udan durung paja-paja tumurun. Kamangka sing ditunggu bumi lan titah ya mung kuwi. Udan utawa grimis sing bakal nambani garinge donya, tuwuhan, pategalan, lan ara-ara.

Meh sak awan, Lencho, pawongan sing nduweni pategalan mau ora kendhat ngawasi langit ing brang wetan. Jalaran wiwit esuk pancen ana mendhung ngembuleng nglumpuk mbaka sethithik banjur arak-arakan mengulon tumuju marang desane. "Muga-muga niba tenan dadi udan," ngono kang dadi angen-angene.

Persis nalika Lencho mangan awan karo anak bojone, udan kang dianti-anti mau niba tenan. Tanpa kena dipenggak maneh, anak-anake Lencho semparet mlayu menyang plataran. Terus udan-udan sambi oyak-oyakan. Swarane pating jlerit. Meruhi anake kaya ngono Lencho ora gelem kari. Sawise cucul klambi banjur nututi udan-udan karo jejogedan, prasasat bali dadi bocah maneh. Karo udan-udan mau wola-wali Lencho nyawang tandurane jagung lan kacang ijo. Rasane bungah temenan jalaran udan sing ditunggu pirang-pirang sasi wis dadi kasunyatan sejati dina iki.

Nanging, durung tutug anggone padha udan-udan, dumadakan angine tambah sumiyut. Saya suwe saya gedhe. Lencho ora nyana babar pisan yen angin mau bakal nggawa pringkilan-pringkilan es. Ora nganti menitan, udan kang wiwitane mung arupa banyu malih dadi udan es. Meruhi es tiba pating tlethok, anak-anake Lencho malah lunjak-lunjak seneng. Ora sranta banjur padha rebutan njumputi pringkilan es mau kanggo dolanan.

Beda karo bapakne. Nyipati kahanan mau Lencho enggal-enggal ngeyub menyang tritis. Tekan kono legeg prasasat tugu sinukarta. Praupane pucet nyenyet, ora obah nyawang es kaya disuntak saka langit ngebaki pategalan nganti lemah ora katon maneh. Jagung-jagung mentiyung, akeh kang padha ambruk. Wit-witan dadi putih. Godhong kacang ijo ilang rupane ijo, kurugan es meh setengah kilan kandele.

Bareng angin wis ilang lan udan es uga wis terang, Lencho kandha marang bojone. Mripate kembeng-kembeng luh. Swarane keprungu nanging ora cetha. "Ketrajang walang wae isih ana sing nyisa kanggo awake dhewe, Bu. Udan es iki dudu sabaene. Sajake taun iki...awake dhewe bakal ora panen tenan..."

Ora ketang nemahi alangan kaya ngono, Lencho ora ngedhap. Dheweke isih duwe pangarep-arep, yaiku nyuwun pitulungan marang Gusti Kang Akarya Jagad. Ngugemi pituduh saka agama kang dirasuk seprana-seprene. Miturut kitab sucine, Gusti Allah priksa kabeh kang dumadi ing alam donya. Ora mung kang mawujud, nanging uga kang sumlempit ing atine manungsa. Kebeneran nalika bocah Lencho nate sekolah, dadi bisa etung, nulis, lan maca, ora ketang saben dinane tansah melu nyambut gawe ing pategalan ngrewangi wong tuwane ulah tetanen.

Dina Minggu, esuk umun-umun sawise nata ati, madhep manteb bakal nyuwun pitulungan marang Gusti Allah, Lencho banjur nulis layang. Sawise rampung lan diamplopi, layang digawa dhewe menyang kantor pos ing kutha. Dene, unine layang mau saperangan mengkene. *"Gusti, menawi Panjenengan boten paring pitulungan, kula sakulawarga badhe estu-estu kesrakat taun menika. Awit taneman kula risak sedaya kenging jawah es kalih dinten kepengker. Wekdal menika kula mbetahaken arta 100 pesos kangge tumbas bibit sulaman lan kangge nyambet gesang sakulawarga dumugi titi wanci panen mangke..."* Sawise kuwi dheweke nulis alamat ing amplop: Katur Dhateng Gusti Allah. Dene pengirime mung nyebut jeneng: Lencho. Pikire, Gusti Allah mesthi wis priksa ngendi omahe. Tekan kantor pos dheweke tuku prangko ditemplekake menyang amplop. Sawise mengkono, karo ndonga nrithil layang mau banjur dicemplungake kothak pos.

Awane, pegawe kantor pos sing kejibah ngurusi layang-layang ngadhep kepalane karo cekikikan. Dheweke ngulungake amplop sing alamate aneh lan ora tinemu nalar mau. Karo ngadhep dheweke uga lapur menawa bingung temenan. Ora ngerti babar pisan layang kuwi kudu dikirim menyang ngendi.

Nyipati layang aneh mau, wiwitane kepala kantor pos uga nyekakak. "Ana-ana wae..." Ngono pangunandikane. Jaragan layang mau dianggep saka wong owah, mula kepala kantor pos mrentahake dibukak wae. Nanging, bareng wis diwaca lan ngerti isine, guyune dadi ilang babar pisan. Pak Kepala Kantor Pos malah manthuk-manthuk karo sajak nglenggana. Kaya melu ngrasakake rekasane nyangga bot-repoting urip tumrap sing nulis layang mau.

"Kapitayan kaya ngene iki dudu baen-baen. Awake dhewe ora kena nyepelekake, awit sing nulis layang iki lagi nandhang kasangsaran abot..." Kandhane kepala kantor pos marang pegawe-pegawe sing padha ngrubung.

Saka banget anggone mikir, kepala kantor pos dadi tuwuh kekarepane kepengin tetulung menyang pawongan sing nulis layang mau. Awit layang kuwi mesthi mung mandheg tekan kantor pos kono, ora bakal bisa dikirim menyang

alamat sing dituju.

Tekan semono Pak Kepala dadi saya mikir dawa. Banjur kepriye becike? Apa mung cukup diwangsuli nganggo layang? Mesthine ora. Awit sing kirim layang ora mung butuh wangsulan, nanging ngarep-arep tenan apa kang dadi penjaluke. Pungkasane, Pak Kepala ngajak pegawe-pegawe kantor pos nglumpukake dhuwit kanggo nyumbang menyang Lencho. Kebeneran wektu semono bubar bayaran. Saking anggone mrihatinake, Pak Kepala ngrilakake separo dhewe bayare kanggo nyumbang. Kejaba saka iku dheweke uga ngajak kanca-kanca lan tepungane melu urun sakadare.

Ora ketang mung dadakan, dina iku kepala kantor pos kasil nglumpukake dhuwit lumayan akeh. Pancen ora nganti 100 pesos kaya sing diarep-arep Lencho. Kira-kira mung separone luwih sethithik. Nanging, miturut Pak Kepala sumbangan semono mau wis pantes. Sawise dhuwit dilebokake amplop, Pak Kepala nambahi kertas sasuwek isi tulisan: Saka Gusti Allah. Ing njabane amplop ditulisi: Kanggo Lencho. Rampung kabeh, amplop banjur disimpen Pak Kepala ing laci meja tulise.

Kira-kira seminggunan saka kedadean mau, esuk-esuk Lencho wis tekan kantor pos. Takon apa ana layang kanggo dheweke. Sawise amplop isi dhuwit diwenehake, ora lali Lencho ngucap matur nuwun marang pegawe kantor pos. Dene Pak Kepala mung nginjen liwat cendhela. Rasane lega lan marem atine. Rumangsa wis kasil tetulung marang sapadha-padha. Sumbangane wis ditampa, kena kanggo ngentheng-enthengi uripe pawongan kang lagi nampa coba. Saking senenge, kepala kantor pos nganti mesam-mesem dhewe kaya lagi ora ganep pikire.

Nampa amplop rada kandel mau Lencho katon bungah. Tekan njaba ora sranta banjur dibukak. Dhuwit dietung nganti ping telu. Karo njenggureng dheweke grenengan. "Ora bakal Gusti Allah kleru! Ora bakal Gusti Allah nolak sing disuwun umate...."

Bubar grenengan mengkono dheweke cengkelak mlebu kantor pos maneh. Tekan njero njaluk kertas lan nyilih pulpen menyang pegawe sing jaga loket. Rada sawetara Lencho nulis layang mapan ing meja tulis umum. Sawise rampung banjur tuku amplop lan prangko. Layang dilebokake amplop. Prangko didilati terus ditemplekake. Anggone nemplekake karo sajak jengkel, ndadak dithuthuk nganggo dlamakan tangan ping telu.

Nalika layang wis dicemplungake kothak pos lan Lencho lunga, pegawe kantor pos rebut dhucung mbukak banjur diwaca bebarengan ing kamare Pak Kepala. Unine saperangan mengkene.

"Gusti, saking arta ingkang kula suwun, kula sampun nampi 70 pesos. Nyuwun tulung, Gusti Allah kersa ngintun kekiranganipun. Awit kula mbetahaken sanget. Nanging, ngintunipun arta sampun medal Kantor Pos malih. Awit kula ngertos! Pegawai Kantor Pos menika culika sedaya! Saking kula, Lencho."

(Cerkak Mexico karya Gregorio Lopez Y Fuentes (1892-1966).
Terjemahan Bern Hidayat/Majalah Busos No. 201/Th.XXI/1993.
Kasalin dhateng basa Jawi dening IBS)

Ngripta Cerkak

Saka conto sing kapacak ing ndhuwur, sumangga miwiti ajar ngripta cerkak. Ateges, pilihan ide sing wis ana banjur ditulis nggunakake basa lan tatanan (konstruksi) miturut angger-angger ing jagading kasusastran Jawa modheren. Dene, gambarane konstruksi cerkak ora adoh karo konstruksi cerpen sastra Indonesia. Yaiku: 1) pambuka, 2) perangan tengah (tengahan), 3) pungkasan (panutup).

- Perangan pambuka njlentrehake mula bukane prastawa kang dicritakake. Saka kono bakal tuwuh prakara sing umume dumadi saka karakter, panjangka, utawa polah tingkahe tokoh sing dadi punjere crita. Contone, ana pawongan yen turu nyandhing gaman. Dielikake wong tuwane, bojone, sedulure, ora nate digugu. Patrap kaya ngono mau jalaran wiwit jaka dheweke pancen seneng gelutan. Dadi akeh mungsuhe, satemah uripe tansah was sumelang.
- Perangan tengah, nyritakake yen awane bubar gelut. Mungsuhe dipilara nganti mlebu rumah sakit. Ndilalah, bengine dheweke ngimpi gelut uleng. Mungsuhe dibacok nganti mati. Bareng nglilir, pranyata bojone sing turu ing sandhinge wis adus getih. Dadi lan tiwase jalaran dibacok nganggo pedhang kang tansah cumepak cedhak paturone.
- Perangan pungkasan (panutup), upamane nganggo strategi flasback. Crita mau mujudake pengalaman pribadine Kyai Mansur kang didadekake pitutur marang santri-santrine. Sawise kedadean mau Pak Kyai ora omah-omah maneh. Sawise mertobat saka anggone seneng gelut, dheweke banjur nekuni agamane satemah madeg dadi kyai nganti seprene.

Aja lali, anggone nyritakake mau nggunakake tatanan basa Jawa sing bener lan becik. Sambung rapet antarane kahanan lan kedadean siji lan sijine ditata, aja nyolot-nyolot (dijaga koherensine). Tansah nggunakake logika, greget, rasa pangrasa pribadi lan masarakat. Ora ana bener luput ing jagade kreativitas. Tegese, kurang ditambahi, didandani. Keluwihan becik dielongi, utawa dipunggel. Kabeh mau murih pantese saengga dadi karangan sing 'kepenak diwaca, prelu diwaca, lan maedahi'.




Panganggone Tembung "Kowe" ing Pabrayan

Aja nyalahake bocahe, ananging salahna wong tuwane kang ora tanggap marang basa kang dianggo dening putra-putrane ing saben dinane.

Dening: Adi Deswijaya

Ukara mau kerep kaprungu saka pawongan kang rumangsa anyel marang bocah-bocah samengko kang wis padha ora bisa nggunakake basane dhewe. "Wong Jawa wis ora njawani maneh, wis ora mambu Jawa, ananging owah dadi Jawa mambu".



Unen-unen iku uga mujudake kahanan basa Jawa ing pabrayan: Jawa Tengah, DIY, lan Jawa Timur kang sangsaya nguwatirake, mligine ing para kanoman. Wong Jawa kang kawentar dening aluse jalaran basa kang digunakake, ing saikine uwis kalindhih dening basa-basa liyane.

Basa Jawa minangka basa kang pepak tembung-tembunge manawa katandhingake karo basa-basa liyane ing saindenging donya, anduweni tatanan unggah-ungguh kang tumata. Unggah-ungguh basa Jawa mau kaprinci ana ing sajroning undha-usuking basa, kaya ta: ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu lan krama alus utawa inggil.

Para priyayi luhur duk ing uni, nalika nganggit lan mrinci basa Jawa kang adhedhasar undha-usuk, ora winates ngemungake tembung-tembung kang kagunakake wae, ananging uga linambaran rasa kang kamot ing sajrone tembung-tembunge mau. Lire, basa kang digunakake ngemot rasa urmat marang kang kaajak guneman.

Poerwadarminta ing Baoesastra Djawa ngandikakake manawa unggah-ungguh yaiku tatapranataning basa miturut lungguhing tatakrama (1939:443). Adhedhasar apa kang dingandikakake dening Poerwadarminta, gamblang banget manawa basa kang kaperang sajrone undha-usuk katata adhedhasar tatakrama.

Ing Serat Jalma Suyatna weton Boekhandel M. Tanojo kaca 27—28, ngandharake tatakrama yaiku ngadekake patrap tuwin pangucap, minangka pakurmatan. Tata tegese prenah sarta wijang, inggih punika boten resah. Wondene krama yaiku ulahing tembung kanthi trapsilaning pratingkah.


Mirid katrangan saka Serat Jalma Suyatna lan Baoesastra ing ndhuwur, bisa kadudut manawa basa kang kapantha-pantha ana ing undha-usuk ora ngemungake wujud tembung-tembung sawantahe, ananging tembung-tembunge uwis katata kanthi nengenake trapsilaning pratingkah utawa ngemu rasa. Lire, empan papan, wong kang arep guneman kudu nggatekake sapa kang arep diajak guneman. Tuladhane bocah anom kang lagi guneman marang wong tuwa. Miturut unggah-ungguhing basa, bocah anom mau ya kudu nggunakake basa krama alus marang wong tuwa kang diajak guneman, kajaba marang kanca-kancane sapadha-padha umure, wus lumrah nggunakake basa ngoko lugu.

Ing jaman saiki, paugeran basa kang kaya mangkono uwis akeh kang katrajang dening para nom-noman. Paribasan "kebo nusu gudel" mbokmanawa wis trep yen kasandhingake ing jaman samengko. Bocah-bocah uwis ora bisa nggunakake basa Jawa krama, bisane amung basa Jawa ngoko. Alesane supaya gampang ditampa. Tuladha kang bisa gawe grantesing ati, yaiku nalika anak ngaturi wong tuwane dhewe utawa wong liya kang kepara tuwa nggunakake tembung "kowe".

Kapriye ora nuwuhake rasa nggrantesing manah manawa mrangguli kahanan kang kaya mangkono. Tembung "kowe" miturut undha-usuk utawa unggah-ungguhing basa Jawa kang kudune kanggo nyebut kancane sapantaran umure malik grembyang digebyah uyah kanggo ngaturi wong tuwane uga utawa wong liya kang kapara tuwa.

Tuladha: "Pak, kowe arep lunga menyang ngendi?", pitakone si bocah marang bapake.

Tuladha ukara ing ndhuwur mratandhakake manawa bocah kuwi mau ora duweni tatakrama marang wong tuwane dhewe, katitik saka (1) nggunakake basa Jawa ngoko lugu marang wong tuwane dhewe, lan (2) bapake kaanggep kayadene kancane dhewe, yaiku nggunakake tembung "kowe" nalika ngaturi bapake. Miturut paugeran undha-usuking basa Jawa utawa unggah-ungguhing basa Jawa, panganggone tembung "kowe" iku ing antarane: (1) kanggo wong kang lagi guneman marang kanca-kancane kang padha saumurane,' lan (2) kanggo guneme wong tuwa marang putra-putrane



utawa bocah enom. Nanging kahanan nyatane nerak saka paugeran, yaiku tembung "kowe" digunakake bocah enom kanggo ngaturi wong tuwane utawa wong liya kang kapara tuwa.

Kahanan kaya mangkono sajatine uwis kapara suwe lan mratah bisa kaprangguli ora mung ing dhusun-dhusun kang "adoh ratu cerak watu", nanging uga ing kutha-kutha kang katelah telenging budaya Jawa. Ora bisa selak manawa kahanan kaya mangkene nyata anane. Emane, wong tuwane kang mrangguli langsung guneme putra-putrane mau ora cancut taliwanda mbenerake basa kang salah kaprah lan kelantur-lantur. Sangsaya ndadekake nggrantesing manah maneh, manawa wong tuwane nganggep basa padatan kang digunakake dening putra-putrane kaya mangkono mau bisa nuwuhake sesambungane ing antarane anak marang wong tuwa tambah supeket.

Manawa kahanan sabanjure tetep ajeg kaya mangkono, ateges wis jamane kebo nusu gudel. Wong tuwa manut marang anak-anake, lan anak-anake wis padha ora nduweni rasa urmat marang wong tuwane. Rasa Jawane wis ilang kayadene godhong jati aking. Bocah wis padha ora nganggo tatakrama utawa subasita nalika guneman marang wong tuwane utawa wong liya kang kapara tuwa. Kamangka, subasita iku minangka tatakramaning pasrawungan (Poerwadarminta, 1939:569). Bocah-bocah wus ora bisa nata patrap kang kudune pantes, ora bisa nata pangucap kang kudune lenggah, lan ora bisa nata pasemon kang kudune sumeh sarta ngresepake wong liya.

Magepokan tatakrama, Serat Centhini yasane KGPAA Amengkunagara III (Ingkang Sinuhun Pakubuwana V) lan Serat Nayakawara anggitane suwargi KGPAA Mangkunagara IV nate ngendikakake wigatine tatakrama tumraping pabrayan. Kaya mangkene surasane.

- Kudu wêruh kukum watêknèki / ing kanisthan adoh / pamicara punika yêktine / mawèh rêsêp kang sami miyarsi / tatakrama mêsthi / ngêdohkên panyêndhu //
- Pan kagunan kinarya ngupadi / boga anistha sor / kalakuwan bêcik saèstune / wèh rahayu ing angganirèki / nunggil-misah kari / lan kang wus winuwus // (Sinuhun Pakubuwana V; Serat Centhini: Mijil/54-55)
- Wardiningkang wasita jinarwi / wruh ing khukum iku watêkira / adoh marang kanisthane/ pamicara puniku / wèh rêsêpe ingkang miyarsi / tata krama punika / ngadohkên panyêndhu / kagunan iku kinarya / ngupa boga dene kalakuan bêcik / wèh rahayuning raga // (KGPAA Mangkunagara IV; Serat Nayakawara: Dhandhanggula/6).

Mirid saka wose Serat Centhini utawa Serat Nayakawara ing ndhuwur, bisa kadudut dadi limang perangan kang wigati, yaiku: (1) wong wruh ing kukum bisa ngedohken kanisthan, (2) pamicara iku weh resepe kang ngrungokake, (3) tatakrama bisa ngedohken panyendhu, (4) kagunan iku bisa dadi lumantaring ngupa boga, lan (5) kalakuan kang becik bisa gawe rahayuning raga. Kang kudu digatekakke saka limang perangan mau yaiku micara, tatakrama, lan kalakuan kang becik bisa nuwuhake tentreming urip.

Mula saka iku, prelu anane kawicaksanan saka kulawarga mligine, pawiyatan formal utawa informal lan pamarentah anggone bisa majibake lan mulang-murukake wigatine unggah-ungguhing basa Jawa tumraping bocah-bocah ing saben dinane. Basa Jawa ora bakal cures manawa isih ana kang gelem nggunakake minangka basa padinan. Basa Jawa mligine unggah-ungguhing basa Jawa prelu kawulangake wiwit ing PAUD tumeka pawiyatan luhur. "Jer basuki mawa beya."

Lintang Wistu Malindi

Gurit Kanggo Ibu

sliramu ora saderma
bumi
nuwuhake jiwa-jiwa
mekar edi
nanging sliramu
uga rembulan lan srengenge
madhangi laku
adoh parane
jembar tebane

nanging, ibu
aja kaget yen anakmu
saiki lagi bisa ngeja
ukara sing ana dlamakanmu
ketang ora sora

2016

Dudu Dongengan Kancil

iki dudu dongengan kancil
uga dudu critane Abu Nawas
iki dhapur bundhelan lawas
isi patrap-patrap methakil
gawe kejoting maras

aja takon sapa sing mbabadi alas
aja kaget yen segara klakon dikuras
dheweke isih kadang dewa
kasinungan kasekten tan kinira
sapa wae bisa direh sakarepe
ora ana sing wani mbangkang prentahe

iki dudu dongengan kancil
iki dhapur crita wantah
wong-wong cilik ajeg sambat kelaran
kabotan panandhang lan sesanggan
urip mung dadi pangewan-ewan
awan lan bengi ora ana bedane
awit dheweke sing wenang nemtokake

iki dudu dongengan kancil
iki dhapur crita wantah
sing wis mratah

2016




Nengeri Dina

kanthi apa maneh daktengeri dina-dina
nalika televisi mung tansah nyuguhake warta
kamuskilan lan urube geni memungsuhan
wiwit esuk nganti tengah wengi
gawe abange mripat
njendhelake rasa

apa sliramu bisa nulungi
nengeri dina-dina sing wis dilalekake
satengahe wirama panguripan sing dikebaki
impen-impen nyalawadi
sawangen kae, sawangen kae
wong-wong mlaku sempoyongan
ing dhadhane jejel-riyel cangkriman
sasuwene iki angel dicekel batangane

sliramu mesthine kelingan
kopi ing dhuwur meja nganti adhem dhewe
utawa sairis roti dirubung semut digawa mrana-mrene
kayadene awake dhewe nate sinau bareng gawe peta
ngenani lanskap kebak makna
ngisi dina-dina
kanthi apa maneh
daktengeri dina-dina
nalika kuncupe
gupitasari wis
ora ngganda
2016



Biodata Panggurit
Lintang Wistu Malindi
Panggurit iki saka Fakultas Hukum, Universitas Sebelas Maret, Surakarta
kang mapan ing Jalan Ir. Sutami 36-A Surakarta

Endahing Gunung

Wangining kembang kegawa angin tumuju srengenge
Lemah lan watu tan nyuwara
Awan ing kali-kali dadi umpluk
Banyu endah ombening manuk-manuk
Bun-bun kuwur dadi hawa

Ijo sinawang ing mata
Endah rasaning manungsa
Gunung-gunung jejer
Manuk mabur ing wit-wit randhu
Ngoceh ngguyu marang kali
Amarga kaendahan ing mata



Kahanan Wayah Wengi

Jam gumandhul ing angin
Turu rasa adhem lan antuk-antuk
Peteng dadi palagane nyamuk
Geguyone lintang lan rembulan
Madhangi sepining impen
Papanku nggayuh angen-angen

Wengi sepi wis ora bisa ditemoni
Lakune pemudha-pemudhi kang ora terpuji
Nebar geguyon ing dalan kang sepi
Katentreman tan diajeni

Swara jangkrik wis ora keprungu
Ganti swara radio lan tivi
Kahanan ing wengi kang sepi
Saiki ilang kaganti

Gro, 2/2008

Tsunami

Manuk gedhe mangan iwak
Pasir dolanan wit klapa
Angin lan banyu nabrak watu
Watu dolan ing prau
Kerang kepanasen nyuwara
Dodolan sungkawa sangisor srengenge
Ombak ening lan watu biru dadi rusak
Banyu nyapu reresik omah
Nyawa-nyawa miber ninggalake sayah
Banyu asin mlebu ing kutha
Manuk nangis dadi lelara

Dina Iki

Manuk ngoceh ing cendhela
Srengenge tangi karipan
Wit-witan isih adus ing bun
Adhem ngunceni amem
Nalika jago kluruk munggah ing banyu
Padhang nothoki lawang-lawang

Mlaku-mlaku ing wanci turu
Sarapan angin kang lemes
Sekolah esuk mulih awan
Ora sinau dadi mungsuhan
Dalan nggeguyu lakuku
Ing sekolah golek ngelmu
Saliyane bekti marang para guru

Fragmen Surup

Sore rame bocah
Turu geguyon karo langit
Mlayune kembang ing wengi
Obah ing swara kang ilang
Manungsa mangan angin
Manuk mencok wit-witan

Kewan turu ing sepi
Amarga wengi ngenteni
Srengenge ilang malih rembulan
Padhang lunga kaganti sore
Wit-witan obah kena angin
Sore lunga wengi teka
Wektu turu lan ngimpi
Adhem ayem ing wengi



Biodata Panggurit
Viga Nur Khasanah
Panggurit iki saka SMP N 1 Giritontro kang mapan ing Jalan Raya Giritontro, Wonogiri

Kidung Rahina lan Ratri

Dakluru pawartamu rina wengi
Kinancan ....
angin ngidhit mangidul
Angrantu gisiking wengi
Ngronce pangangen- angen
Kang nate dak anti
Dak onceki sasmita
Kang sasuwene iki nggubet ati
Sliramu jebul mangro
Sesideman dolanan katresnan
Gawe kejoting ati
Goreh... Sengkleh...
Jeng....telenging atimu
Wengis ngluwihi mawa
Dak indhit runtiking ati iki
Binarung kidung rahina lan ratri
Sumarah ngarsa Gusti





Kidung Padhang Bulan

Bedhug tinabuh ambal pindho
Gumontang anggugah gegodhongan
Ewasemana
Mripat iki panggah lelana
Pencolotan pindha lintang alihan
Binarung...
Sorot rembulan abyor
Kekencar ngrenggani latar
Dhuh.....
Sepi mamring
Thenguk- thenguk kijenan
Mapak wektu parak esuk
Sumiyuting sang bayu
Ngidhit ngaras raga akingku
Sansaya kekes, angles
Rasaning ati
Sru sun sesuwun
Pangentheng- entheng
Panandhang urip iki
Kebacut tuwa
Nora sanak nora kadang
Kijenan jroning lemah pangumbaran
Kinancan gubug reyot
Sadhuwuring gumuk
Sayekti abot nandhang prihatin
Dhuh Gusti
Dhuh nyawa..
Ngranti titi mangsa
Gendongan Sang Kawasa

Kidung Tengah Wengi

Madyaning ratri
Jinjat- jinjit
Tlulak- tlulik
Amping- amping gegodhongan
Klesik- klesik
Ngguyu nyekikik
Ngarih- arih
Kelalen....
Nduwe nalar
Grobyak
Kori dinupak, brak
Sapandurat
Playon
Blandaran
Bengak- bengok
Arit mobat- mabit
Miyak wengi kang tintrim
O..o..
Tangga tritis
Nora tata
Ngumbar kidung angkara

Biodata Panggurit

Sri Harnoko
Dedalem ing Tempel 03/07 Alastuwo, Kebakkramat, Karanganyar.
Saben dinane ngasta dadi guru ing SMP N 1 Mojogedang Karanganyar.



Sakeplasan tumrape Buku Lancar Maca Jawa

Irah-irahan : Lancar Maca Jawa
Penerbit : Dinas Kebudayaan Kulon Progo
Kutha terbit : Yogyakarta
Taun terbit : 2017
Cithakan : I
Cacahing kaca : jilid I: iv + 58 kaca; jilid II: iv + 70 kaca; jilid III: iv + 54. Jilid I--III
Ukuran : 10,5 cm x 16 cm


Ora bisa diselaki maneh lan pancen wis dadi kasunyatan, yen nganti dina iki wis lumrah generasi mudha lan masarakat Jawa ora bisa maneh maca lan nulis aksara Jawa.

Kanthi pawadan apa wae, nyatane akeh sing wis lali karo aksara Jawa. Senajan ta isih ana siji, loro, telu pawongan kang bisa maca lan nulis aksara Jawa kanthi lancar, nanging bisa dikandhakake persentase-ne ora punjul saka limang persene.

Akeh kang dadi sebab-musababe aksara Jawa tansaya cures ing masarakate dhewe, ing antarane basa kanggo komunikasi resmi padinan wektu saiki wis nganggo basa Indonesia lan aksarane nganggo aksara Latin. Kaping pindho, basa lan aksara Jawa wis ora kawulangake ajeg

saben dina ing sekolahan, apa maneh ing kulawarga utawa ing masarakat. Kaping telu, wis arang banget (malah bisa dikandhakake ora ana) majalah Jawa kang mligi nganggo aksara Jawa. Kaping papat, guru basa Jawa ora kabeh lancar maca lan nulis nganggo aksara Jawa lan isih akeh sebab-musabab liyane. Lire, aksara Jawa wis ora disengkuyung dening masarakat kanggo bisa ngrembaka maneh.

Senajan ta ing wektu iki, pamarentah isih ajeg nguri-uri supaya aksara Jawa tetep lestari ora ateges aksara Jawa bakal enggal moncer. Saora-orane, aksara Jawa rada suwe umure tinimbang yen pamarentah ora melu cawe-cawe. Kuncine, yen masarakate wis ora nggape maneh, apa wae kang diupayakake dening pamarentah ora bakal kawujud kanthi sampurna. Ewa semono, ora ateges upaya kanggo tetep nglestarekake lan ngrembakakake aksara Jawa bakal mandheg. Isih akeh upaya, kaya ta nggawe program software aksara Jawa lan nyithak buku aksara Jawa dening pamarentah lan masarakat.



Babare buku Lancar Maca Jawa taun 2017 durung suwe iki dening panulis kang tembayatan karo Dinas Kebudayaan Kulon Progo DIY ora nduweni tujuan liya kejaba kepengin uga ndawakake umure aksara Jawa ing bumi Jawa, papane masarakat Jawa padha bebrayan. Senajan ta isine ringkes banget, nanging buku iki nduweni pepenginan, masarakat Jawa, klebu bocah-bocah cilik generasi millenium Jawa bisa mudheng tulisan Jawa kanthi conto-conto tembung prasaja. Kanthi mangkono diangkah kabeh masarakat Jawa bisa sinau maneh aksara Jawa kanggo nulisake tembung-tembung Jawa. Dadi, babaring buku iki ngganepi buku-buku sajinis kang wis kababar sadurunge.

Buku Lancar Maca Jawa iki pancen disengaja kabeh katulis nganggo aksara Jawa, wiwit saka samak ngarep nganti tumekaning isi. Ancase supaya kang sinau buku iki tansaya kapengin ngerti isining buku lan cepet bisa maca aksara Jawa. Buku iki cacahe ana telung jilid, digawe cilik kaya dene buku Iqra' supaya gampang dinggo sinau lan digawa mrana-mrene dening bocah. Tulisan Latin mung kanggo nulis atur cecala (pengantar), kapustakan (daftar pustaka), lan biografi.

Buku jilid siji mbabar aksara Jawa legena wiwit saka "ha" nganti tekan "nga". Banjur dibolan-baleni kanthi conto lan gladhen makaping-kaping supaya sing sinau buku iki enggal bisa lancar maca aksara Jawa. Banjur, kabacutake sandhangan-sandhangan swara urip (vokal) kayata: wulu (swara i), suku (swara u), taling (swara é/è), pepet (swara ĕ), lan taling tarung (swara o). Saben sakaca diwenehi gambar-gambar prasaja.

Buku jilid loro mbabar sandhangan aksara Jawa liyane, kaya ta sandhangan wignyan (swara mati "h"), layar (swara mati "r"), cecak (swara mati "ng"), cakra, cakra keret, panjing la, panjing wa, lan pengkal. Ing buku iki uga diwenehi conto-conto lan gladhen tembung Jawa kang katulis kanggo aksara Jawa. Ing jilid loro iki saben sakaca uga diwenehi gambar-gambar prasaja.

Buku jilid telu mbabar pasangan aksara Jawa "ha" nganti "nga" lan conto-conto panulisane pasangan-pasangan kasebut. Klebu aksara pasangan apa wae kang kudu katulis wutuh nalika entuk sandhangan suku, cakra, lan keret. Ing buku jilid telu iki uga kababar aksara swara kanggo nulisake tembung-tembung serepan, aksara rekan, aksara kanggo nulisake angka Jawa, lan aksara murda. Kabeh sinartan conto-conto lan gladhen tembung lan ukara Jawa. Buku jilid telu iki dipungkasi pathokan carane nulis tembung andhahan (kata jadian) miturut paramasastra (tata bahasa) panulisane aksara Jawa. Ing buku jilid telu iki saben sakaca uga diwenehi gambar-gambar prasaja.

Mangkono mau, satleraman ngenani babagan buku Lancar Maca Jawa kang kababar ing sasi Juli 2017 kepungkur. Gandheng anggone nggawe buku wektune cumpen, mula isih akeh tinemu luputing cithakan. Pamrayoga lan panyaruwe saka para maos kaantu-antu kareben cithakan buku sabanjure bisa luwih sampurna. Matur nuwun. (*)

Suwandi, Sragen, Jawa Tengah

MENDHUNG ANGENDANU ING LANGIT BANG KANGKUNG

Dening: Sri Wintala Achmad

Bongsor De Lappo iku jenenge. Wong lanang kesrakat kang lagi mujur nasibe. Amarga labuh-labete kang tanpa pepindhan marang sadhengah wong, Bongsor kasil dadi bupati ing Kabupaten Randugimbal. Aneh pancen. Nanging, kaya mengkono kasunyatane.

Setaun lawase Bongsor nyekel panguwasa ing Kabupaten Randugimbal, akeh proyek pembangunan kawujudake. Perumahan-perumahan elit dibangun ing peperengan gunung kang isih seger hawane lan bening banyune. Hotel-hotel bintang lima, mal-mal, sartane supermarket-supermarket dibangun satengahe kutha. Pabrik-pabrik sartane minimarket-minimarket dibangun ing pradesan.

Amarga sakehe pembangunan iku, wong-wong cilik padha celathu menawa Bongsor wus minger keblate. Kang Kemproh misuh, "Pancen semprul! Bongsor wus dadi begundhale kapitalis." Yu Srendel ora keri, "Bupati gemblung kuwi kudu melu tanggung jawab marang kali-kali kang keracunan uwuh plastik lan limbah kimia."

Ora mung Kang Kemproh lan Yu Srendel kang tansah misuh menawa mikirke tumindake Bongsor, nanging uga Lik Dulkemit, Mbah Semprong, Pakdhe Bowang, lan Dhik Juminten. Mulane, dheweke kabeh tansah ndedonga muga-muga Bongsor enggal lengser saka kursi kalungguhane.

***

Srengenge angslup ing bang kulon. Wong-wong Kampung Bang Kangkung kang nembe wae adus sawuse mulih saka sawah iku padha lelungguhan sangarepe televisine dhewe-dhewe. Nglelipur pikir kang peteng dhedhet lelimengan. Tanduran parine wong-wong iku kang lagi wae dicebloke padha alum. Kilenan banyu kang kecampuran limbah pabrik.

"Iki merga pokale Bah Long Kek," kumecape Yu Srendel marang Kang Kemproh bojone ing ruwang keluwarga. "Juragan pabrik deterjen kang buwang limbah pabrike sakepenake wudele dhewe neng kali."

"Ora mung Bah Long Kek, nanging uga Bongsor kang wus ngidini Bah Long Kek mbangun pabrik deterjen ing pinggir kampunge dhewe iki."

"Kudu dhemo, Kang!"

"Sarujuk."

"Aku ora sarujuk."

Pakdhe Sranta, bapakne Kang Kemproh bengok sora saka ruwang tamu. "Ora perlu dhemo. Senajan suwaramu sero, nanging ora bakal digubris. Bah Long Kek kuwi sugih dhuwit. Dheweke kuwat mbayar sewu preman kanggo mbungkem swaramu."

Kang Kemproh lan Yu Srendel



mung padha sawang-sinawang sawuse krungu kandhane Pakdhe Sranta. Ora ana tembung-tembung kang kumecap saka lathine. Amung swarane pawarta saka salah sawijine stasiun televisi swasta nasional. Pawarta kang mawartakake menawa Bupati Bongsor De Lappo dicekel KPK ing kantor kerjane sawuse kadakwa nampa suap 1,3 milyar saka Bah Long Kek. Krungu pawarta iku, Kang Kemproh lan Yu Srendel sanalika bengok sora, "Sukur!"

Ora mung Kang Kemproh lan Yu Srendel kang rumangsa lega sawuse Bongsor De Lappo ketangkep KPK, nanging uga wong-wong ing Kampung Bang Kangkung. Mulane kabeh padha rela ngetokke ragat kanggo sukuran sawuse Bongsor kapecat saka jabatan bupatine.

***



Ing pelataran omahe Pak Jomar, Ketua RT 01 Kampung Bang Kangkung, wong-wong padha kumpul saperlu ngesokake rasa sukur marang Gusti-ne sawuse Bongsor De Lappo mlebu kunjaran. Bubar ndedonga bebarengan, adicara sukuran iku kapungkasan. Kang Kemproh, Yu Srendel, Lik Dulkemit, Mbah Semprong, Pakdhe Bowang, sartane Dhik Juminten padha mulih menyang omahe dhewe-dhewe. Nanging, bocah-bocah nom isih padha keri. Dhangdhutan kairing lagu-lagu OM Monata nganti tumekaning gagat esuk.

Kaya dina wingi lan wingine, saperangan warga Bang Kangkung kang uripe ngendelke pametune sawah kuwi wus padha ninggalke omah sadurunge srengenge mlethek ing bang wetan. Mbedholi tanduran kang alum lan ora bisa diupakara meneh amarga limbah pabrik.

"Awake dhewe mung bisa sabar, pasrah, lan narima." Mbah Semprong aweh panglipur marang Kang Kemproh kang lagi lungguh thenger-thenger sajrone gubuk. "Percaya wae, Gusti ora sare."

"Kang baku meneh...." Lik Dulkemit nimbrung. "Bongsor De Lappo wus mlebu sel. Aku uga krungu pawarta menawa Bah Long Kek wus kacidhuk KPK."

"Apa yen Bah Long Kek wus kacidhuk KPK, terus rampung perkarane?" pitakone Kang Kemproh. "Durung. Limbah pabrik bakal tetep mili ing sawah-sawah iki, Lik."

Krungu kandhane Kang Kemproh, Lik Dulkemit lan Mbah Semprong ora bisa aweh wangsulan. Sanalika swasana ing gubuk iku ora beda swasanane kuburan tuwa kang nyenyet. Nanging, swasana nyenyet iku pecah rikala tumekane Yu Srendel kang aweh pawarta menawa Pak RT Jomar ndhawuhake sakabehe kepala warga Bang Kangkung saperlu mlumpuk ing lapangan Kecamatan Randugebang. Nyemak andharane Jangkung Da Sule -wakil bupati Randugimbal – kang bakal tumeka ing Randugebang rikala tabuh loro sore.

Bebarengan Lik Dulkemit, Mbah Semprong, lan Yu Srendel; Kang Kemproh ninggalke gubuk iku. Lumaku sadawane galengan. Mulih menyang omahe. Sawuse tekan ngomah, Kang Kemproh kang wus adus lan mangan sega jangan bobor sambel trasi iku banjur menyang lapangan Kecamatan Randugebang. Bebarengan rombongan warga Kampung Bang Kangkung.

***

Ora mung wong-wong Kampung Bang Kangkung, nanging uga wong-wong Kampung Karangduren, Sigramilir, Slagaima, Slaka Kemiri, Sawitwaja, lan liya-liyane padha ngumpul ing lapangan Kecamatan Randugebang. Wong-wong padha sesurakan mbata rubuh sarta nyuwara bareng, "Hidup Pak Jangkung Da Sule...," sawuse pawongan kang bakal winisuda dadi bupati ing Randugimbal iku bakal njabut idin operasine pabrik deterjen duweke Bah Long Kek kang njalari rusake tetandurane para tani.

Senajan sore iku mendhung, nanging langit katon padhang sajrone pandelengane Kang Kemproh. Mula sawuse bali menyang ngomah, Kang Kemproh crita marang Yu Srendel babagan Jangkung Da Sule kang bakal njabut idin operasine pabrik duweke Bah Long Kek. Krungu critane bojone, praupane Yu Srendel kaya langit kang uwal saka kemul mendhung.

"Aja padha kesusu seneng!" Pakdhe Sranta kumecap saka teras omah. "Apa kang dikandhakke Wabup Jangkung kuwi lagi janji. Janji kang pungkasane mung gawe atimu sakloron ing samengkone bakal kuciwa."

Krungu kandhane Pakdhe Sranta, Kang Kemproh lan Yu Srendel sanalika kaya orong-orong kang kepenyak. Beda karo Kang Kemproh kang isih percaya marang janjine Jangkung Da Sule, Yu Srendel wiwit percaya marang kandhane Pakdhe Sranta. Jangkung ora beda panguwasa-panguwasa liyane kang bisane mung obral janji, nanging ora tau aweh kasunyatan marang wargane.

Ora mleset kang kakandhakake Pakdhe Sranta. Sawuse Jangkung Da Sule winisuda dadi bupati ing Randugimbal, lali marang janjine. Mangerteni menawa limbah pabrik tetep mili ing sawahe lan sawah-sawah liyane, Kang Kemproh mung bisa nggresah. Senajan Jangkung ketangkep KPK amarga nampa suap 1,7 milyar saka direktur pabrik deterjen warisane Bah Long Kek iku, nanging Kang Kemproh ora bisa gumuyu. Ora bisa bungah atine.

***

Udakara setaun lawase, Bongsor De Lappo lan Jangkung Da Sule dadi tahanan. Ngancik taun keloro, mantan bupati lan wakil bupati Randugimbal kang ditokke saka pakunjaran itu dilebokke ing RSJ Sumber Waras amarga edan. Awan-bengi, saklorone tansah nangis lan ngengleng sajrone krangkeng wesi.

Embuh apa kang njalari Bongsor De Lappo lan Jangkung Da Sule bisa metu saka krangkeng wesi. Nanging ana kang crita menawa saklorone pancen ditokke saka RSJ Sumber Waras, amarga keluwargane ora gelem tanggung jawab. Ora saguh mbayar kanggo beya perawatan.

Sakawit wong-wong Kampung Bang Kangkung ora mangerteni menyang ngendi paran dan dununge Bongsor De Lappo lan Jangkung Da Sule sawuse dibuwang dening sawijine pawongan kang dibayar RSJ Sumber Waras. Nanging seminggu sadurunge Pemilukada ing Kabupaten Randugimbal, wong-wong kandha menawa saklorone manggon sakiwa-tengene Kampung Bang Kangkung.

Wong-wong Kampung Bang Kangkung padha jejingkrakan batine sawuse mangerteni menawa Bongsor De Lappo lan Jangkung Da Sule wus kajiret ukum karma. Rikala awan, saklorone turu ing omah suwung. Rikala wengi ngluru pangan. Mbrakoti kayu, wesi, beling, lan kerdhus. Ngokopi banyu kang kecampuran limbah pabrik.

Senajan wong-wong Kampung Bang Kangkung – Yu Srendel, Lik Dulkemit, Mbah Semprong, Pakdhe Bowang, Dhik Juminten, lan liya-liyane – padha suka pari suka sawuse Bongsor De Lappo lan Jangkung Da Sule nampa paukuman kang murwat saka Gustine, nanging batine Kang Kemproh isih ginubel rasa was sumelang. Amarga bupati lan wakil bupati kang bakal tumeka durung mesthi dumadi angin gedhe. Mbingkas mendhung kandel kang angendanu. Rapet angemuli langit Bang Kangkung.

Cilacap, 30 Oktober 2016



RECA KANG BISA TATAJALMA

Dening: Rita Nuryanti

"Eh, kanca-kanca! Wis padha krungu kabar durung? Reca ngarep kantor kecamatan kae, yen ngerti dijak omong-omongan bakal bisa tatajalma kaya manungsa lumrah."

Setu awan, kalane ngaso kapindho, Aldi lungguh jejagongan kalawan Ega, Riko, lan Yoga ing sangisore wit flamboyan kang ngrembuyung edhum.

"Tenane Al? Mbok aja ngomong ngayawara kang ora nyata!" wangsulane Ega.

"Bener? Yen ana tenan, mosok wong-wong dha ora ngerti!" Riko nambahi.

"Ssssttttt...!!! Aja seru-seru!" Aldi mepetake driji panuding ing tutuke, weneh pratandha supaya anteng, aja nganti keprungu liyan. "Takkandhani ya, aja kandha-kandha. Pokoke sing ngerti mung awake dhewe, wong papat. Reca mau yen nyumurupi kang ngajak wawan pirembugan wong akeh malah bakal mogok ora gelem ngetokake suwara apa-apa."

"O..., kok bisa ya? Aneh?!" Tanpa diabani, Ega, Riko, lan Yoga gedheg-gedheg, gumun.

Mangerteni kanca-kancane padha kamitenggengen, Aldi saya mempeng anggone crita. "Tenan, kuwi! Apa maneh yen krungu ndhangdhut utawa jathilan, reca mau mleter jejogedan!"

"Wah, aku selak kepengin weruh! Iki mengko mulih sekolah langsung mrana ya?" Yoga sajak ora sabar.

"E, aja kemrungsung lan grusa-grusu! Ndrawasi, kurang begjane awake dhewe bakal cilaka dhewe!" Aldi elik-elik. Kabeh mono ana wektu lan sarate."

"Kaya dhukun wae Al..., Al!" Riko cekikikan.

"Ya wis yen ora percaya!" Aldi menyat, sikile nedya jumangkah nglungani.

"Aja lunga Al! Aja lunga! Aku percaya." Ega lan Yoga nyekeli tangane Aldi.

Aldo murungake niyate, kepara bali sila ngethepis, kanca liyane uga enggal mepet lungguhe, Aldi nuli mbacutake crita dakik-dakik bab reca kang bisa tatajalma. Jare Aldi, reca kasebut gelem nanggapi panjaluke manungsa samangsa bisa dhong utawa bisa nangkep karepe.

Ora dhong ya meneng wae. Supaya ora nguciwakake, wektune kudu mruput esuk-esuk tangi turu utawa bakda maghrib yen wis sepi uwong.

"Yo, mengko wae bar maghrib awake dhewe dolan!" panyelane Ega.

"Wah, ora bisa! Bengi-bengi dolan paling ora pareng bapak. Lha yen sesuk tangi esuk njur mlaku-mlaku, wong tuwa paling seneng, awake dhewe tangi gasik njur olahraga!" Aldi mangsuli.

"Ya wis, sarujuk. Sarate apa dadine?" Riko nguncalake pitakonan.

"Hmmm...," Aldi unjal napas landhung. "Satemene aku ora tegel ngomongake, nanging pancen jer basuki mawa beya. Awake dhewe iuran, paling ora wong siji rongewu setengah, lha mengko rak wis nglumpuk sepuluh ewu. Dhuwit mau kanggo sarat sarana kareben reca gelem nindakake panjaluke awake dhewe, utawa gelem mangsuli kalane ditakoni.

Nganti wektu ngaso wis rampung lan sekolahan bubar, bocah papat yen rembugan padha glenikan. Alon-alonan lan digawe wadi sapa wae aja nganti ana kang ngerti.

***

"E, ngisor wit cemara kae lho recane!" Durung ana jam lima esuk, bocah papat wis pating crenguk ing cedhak kantor kecamatan.

"Wis kene dhuwite gek diklumpukake, yen kadenangan recane aku dadi ora penak!" Aldi nglumahake tangan tengen, kanca-kancane banjur teplag-tepleg nyelehake dhuwit. Ora nunggu wektu, Aldi enggal nglebokake dhuwit ing kanthonge dhewe. Ana rasa ayem ing atine Aldi, ana rasa bungah bisa nyekel dhuwit kanthi gampang.

"Lho Al, dhuwite kok dikanthongi?" Yoga cubriya mring patrape Aldi.

"Ssst..., aja brisik! Ayo gek mrana!" Aldi nggeret tangane Yoga nyaketi kantor kecamatan, liyane nututi aja nganti ketinggalan. "Kae..., kae! Tontonen recane! Lho..., lho?! Recane kok malih dadi loro? Wingi mung siji ki?" Aldi kang sakawit gumregah sajak gagah kaya Raden Werkudara, sanalika ndhredheg, wel-welan.

"Thung theng thung...! Thung theng thung theng thung theng thung...!" Aldi njenggirat saking kagete. Ngoploke saya ndadi. Tanpa kanyana keprungu swara gamelan jathilan saka reca kang jarene Aldi dhewe minangka reca tambahan, njoged jejathilan kaya wong kesurupan.

Ega, Riko, lan Yoga, beda klawan Aldi. Bocah telu seneng banget, ora rugi kelangan dhuwit rongewu limangatus. Kagawa iramaning gamelan, tanpa karasa bocah telu uga melu jejogedan.

"Aldi..., Aldi..., ulungna dhuwite Aldi! Kene kanggo mbayar!" Reca kang nembe mleter njoged ngathungake tangan, nyedhaki Aldi.

"E.., e..., nggih! mangga!" Aldi ndudut dhuwit, diulungake.

"Aja sok ngapusi, Aldi!" Reca kang temen-temen bisa tatajalma mijet wetenge, sanalika swara iringan jathilan greg mandheg. "Sawangen, aku sapa?" Reca kasebut ngetokake hape kang isi rekaman jathilan lan mbukak topeng kang kraket rapet ing raine.

"Lho?! Pak Guru?!" Kabeh padha kaget kaya sinamber bledheg. Padha nggumun, rumangsa aneh Pak Guru keraya-raya nyamudana dadi reca. Kejaba Aldi, mesthine. Aldi rumangsa entek atine, pasrah bongkokan kaya-kaya bakal nampa duka.

"Ega, Riko, lan Yoga! Mangertia, satemene kowe mono wis kena apus-apusane Aldi!"

"Kok saged Pak Guru?" Bocah telu lingak-linguk, bingung.

"Bener, reca yen ngerti dijak omong-omongan bakal mangsuli. Lha apa reca ngerti yen dijak omong-omongan? Reca gelem njoged yen krungu ndhangdhutan. Apa reca ya bisa ngrungokake? Paham ora karepku? Aku wingi awan krungu rembuganmu bocah papat, kok Aldi sajak arep akal-akalan."

"O..., inggih..., nggih, Pak Guru? Bocah kok boten cerdhas, he he he...," Riko nggeguyu awake dhewe.

"Mula, sing padha pinter kareben ora gampang diapusi. Wong bodho mono dadi pakane wong pinter. Prayogane, yen tinitah pinter aja nganti keblinger, tetep andhap asor marang sapa wae. Aja kumalungkung, aja adigang, adigung, lan adiguna. Tegese, aja ngendel-endelake kekuwatan, kaluhuran, lan kapinterane."

"Inggih, Pak Guru!" Bocah papat manthuk tandha sarujuk. Tanpa didhawuhi, Aldi nuli nyuwun pangapura marang Pak Guru lan kanca-kancane. Aldi janji ora bakal mbaleni tumindake kang minteri kanca-kancane.

KIDUNG SWARATAMA

(Sêkar Sinom Wulang Jiwa)

1. Kalawarti Swaratama
   Masturi mring jati dhiri
   Rinaras srining budaya
   Budaya Jawa jinarwi
   Wijang wêdharing yêkti
   Tinata ing tuduh suluh
   Susuluh kasunyatan
   Tansah madhangi panggalih
   Silih ing rèh kawruh nyata wulang jiwa!

2. Tan samar pamoring nyata
   Sêmar mèsêm angilhami
   Èsêm madu pinastika
   Manis ngujiwat rêspati
   Tinêmu kalawarti
   Tinali rahsa sinambung
   Sambung rahsa sraséhan
   Antêng sinirat nurani
   Ningali mring rumpakaning Swaratama

3. Kalawarta basa Jawa
   Mrih tyang Jawi hanjawani
   Nitik marang kasunyatan
   Tan èlok jaman puniki
   Kita kélangan budi
   Budyayu wajib diluru
   Rumit yèn daluwarsa
   Sasat pinangku kapati
   Titisnya Swaratama amungu néndra

4. Sinipat sêkar macapat
   Maca sipaté pribadi
   Dimèné éling waspada
   Datan anut grubyug ngih
   Linamis manis lathi
   Thingak-thinguk tiyang bingung
   Bingung kélangan kéblat
   Ngéblaté intoleransi
   Sinawang trang Swaratama wèh papadhang

5. Nalika kataman godha
   Dhadhag têguh ing pambudi
   Mbudidaya sêtya budya
   Budayané linêstari
   Srana hambayangkari
   Rinaras ing puji syukur
   Konjuk Hyang Maha Kwasa
   Sagêda bangkit mrantasi
   Sinawung ing wulang jiwa Swaratama

6. Swaratama sastra cêtha
   Sinirating warta yêkti
   Sastra tulis cêtha ngégla
   Glagat winulat tinliti
   Tingal batin ngulati
   Titi tatas kang dinulu
   Limpad saprapat tamat
   Waskitha risang winasis
   Wasis suka nggugulang budaya bangsa

7. Sanguné duga prayoga
   Gagap-gagap hangulari
   Nglari mustikaning wédha
   Dhawuhing luluhur nguni
   Nilar warisan nênggih
   Budaya adi linuhung
   Unggul tan ngungkulana
   Tanapi lêmbah ing budi
   Mbudidaya kyat kanggènan jiwa mulya

8. Wolu wédha hastha brata
   Paugêraning pangarsi
   Pamong jiwa iku kêdah
   Sinung watak kang linuwih
   Wicaksana bèr budi
   Samadya prasaja lugu
   Kyai Sêmar tinular
   Laladi sêpi ing pamrih
   Pamrih momong dadya sang jiwa minulya

9. Winahya warta budaya
   Swaratama mapan dadi
   Pamonging para taruna
   Pawarisé N.K.R.I.
   Iku wus harga mati
   Pati-pati ywa pinangku
   Kudu sadhar nglênggana
   Narima kinodrat Gusti
   Jati dhiri sang Bhinneka Nuswantara
   (*Waspada...Èling!)

= RAHAYU =
(Hayu – hayu – hayu sagung dumadi)
Nuwun!

10/08/2017
Kristyhanto Yonosoebroto
(Mbah Wiku Sri Laksita)

MGMP Basa Jawa SMP Banyumas Nganakake Pelatihan Nulis



WARTA RINGKES

MGMP Basa Jawa SMP Banyumas makarya bebarengan karo kalawarti *Ancas* lan Balai Bahasa Jawa Tengah nganakake *pelatihan* nulis kanggo guru-guru basa Jawa SMP lan MTs.

Kegiatan mau lumaku kanthi irah-irahan "Workshop Penulisan Basa Penginyongan bagi Guru-Guru Bahasa Jawa SMP/MTs Kabupaten Banyumas. Acara mau dianakake ing SMP Negeri 2 Purwokerto, tanggal 18, 19, 20, lan 25 Januari 2018. Acara dibukak dening Kepala Dinas Pendidikan Kabupaten Banyumas, Drs. Purwadi Santoso, M.Hum. Dene, minangka narasumber ing antarane Ahmad Tohari, Drs. Suryo Handono, M.Pd., lan Bambang Wadoro. Ana 120 guru kang melu acara mau. Pelatihan nulis mau mirunggan nganggo basa Jawa dhialek Banyumasan utawa kang uga disebut Panginyongan. Ana maneka warna jinis tulisan kang disinaoni, ing antarane yaiku crita cekak, artikel, lan naskah sandiwara. Ing pangajap asiling tulisan mau bisa didadekake buku antologi lan ana kang kababar ing majalah Ancas. (kust)

Diskusi Sastra lan Peluncuran Antologi Geguritan Mung Ngabekti Anggitane Na Dhien Kristy

Balai Bahasa Jawa Tengah nganakake rembug sastra lan ngepyakake antologi geguritan Mung Ngabekti anggitane Na Dhien Kristy.

Rembug sastra iki diadani ing dina Setu, 3 Februari 2018, ing Ruang Ranggawarsita Balai Bahasa Jawa Tengah. Kajaba dening Balai Bahasa Jawa Tengah, kagiyatan iki uga disengkuyung Sanggar Sastra Balai Bahasa Jawa Tengah "Smara Muruhita", Bengkel Sastra Taman Maluku, Handry T.M., Driya Widiana M.S., Amie Williams, lan Sulis Bambang. Antologi Geguritan Mung Ngabekti anggitane Na Dhien Kristy iki diwedhar dening Dr. Tirto Suwondo, Kepala Balai Bahasa Jawa Tengah, lan Sosiawan Leak, sastrawan saka Solo. Rembug sastra iki ditekani budayawan, wartawan, para dwija, lan pandhemen sastra Jawa. (Fik)



TATAKRAMA KANG TINARBUKA

Dening: Jefrianto



Kuliyah ing program studi (prodi) Pendidikan Bahasa Jawa darbe teges bakal diwulang wuruk babagan tatakrama. Iki babagan kang wis baku, sabab sarjana prodi Pendidikan Bahasa Jawa kaangkah dadi guru basa Jawa kang mumpuni lan wangun tinulad, sanadyan ing kasunyatane akeh lulusane kang golek pangupaboga sanjabaning donya pawiyatan.

Tatakrama kang diwulangake mesisan dikulinakake maneka rupa wujude. Ana kang mujud kaya ndhodhog lawang sadurunge mlebu ruwangan, ngulungake lan nampani barang nganggo tangah tengen, angob kudu ditutupi, lan sapiturute. Kabeh mau kudu dilakoni, lan didadekake pakulinan amarga minangka calon guru basa Jawa kudu bisa ngetrepake tatakrama ing masarakat. Guru iku panutan, patuladhan, lan tontonan kang dadi tuntunan.

Tatakrama kang diwulangake sanyatane pancen dadi pathokaning bermasyarakat secara umum. Wong seneng diurmati, diaruh-aruhi apa maneh nganggo basa krama. Masarakat sacara umum uga seneng nalika ndeleng wong kang bisa nggawa dhiri pribadine kanthi trep ing sadhengah papan. Tegese bisa empan papan.

Ananging, kasunyatane pranyata nora mung kaya mangkana. Ana golongan masarakat sacara umum, ana uga masarakat kang marjinal—masarakat kang biyasane dianggep pinggiran jagade. Kaya dene wong urakan, wong ndalan, lan sajinise. Ing donyane wong-wong iki tatakrama kang dienggo dudu tatakrama salumrahe.

Bocah cilik nora basa krama tumrap wong tuwa, ngundang kanca karo sebutan kewan kaya dene "su"



wis dadi babagan kang lumrah ing jagat marjinal iku. Gegojegan kanthi adu pisuhan uga dudu barang kang wagu. Ing jagad iki, tatakrama kang ana kaya dene donya walikan kanggo jagade masarakat umum.

Temtu bae tatakrama kang alus kaya nggone masarakat umum karo tatakrama kang kasar kaya dene kaum urakan wis dadi kasunyatan kang nora bisa diilari. Beja tenan sapa wonge kang ngalami jagad loro mangkana. Ateges dheweke wis pana, mangreti yen ta kang diarani empan papan nora mung ngetrepake kaalusan ing ngendi bae papan. Wong, sajane, kudu siyap migunakake kekasaran kang sajane asline kaalusan nalika srawung ing jagat marjinal.

Empan papan ing kene pancen luwih cedhak karo sikap tinarbuka. Sikap kang asline duwene wong Jawa. Dadi wong Jawa kuwi tegese kudu siyap ing ngendi bae papan amilih sawijining sikap. Jawa iku nora tunggal sanadyana kawit biyen kawentar sikape kang berbudi alus. Mung bae, dipikir kanthi wening coba, kira-kira apa trep ing panggonane wong pinggiran banjur diulungi barang nganggo tangan kiwa lan sing ngulungi nora nuwun sewu babar pisan, kita jengkel, nesu, kecenthok atine?

Menawa anetepi sikap kang kaku, apa-apane Jawa kudu miturut benere dhewe, kaya kang diwulang wuruke ing sabarang pawiyatan, bisa gawe tuna dhiri iki malahan. Sabab iku mujudake wong Jawa kang kaku, nora luwes. Lan menawa ditilik kanthi luwih cetha nora beda sikap ngono karo sikap kang aran primordialisme.

Nah, sikap-sikap kaya mangkene iki kang ndadekake Jawa angel maju-digdayane. Sikap luwes lan tinarbuka kudu dinarbe. Babagan kang entheng kaya tatakrama yen ora disikapi kanthi luwes lan tinarbuka bisa dadi pathokan yen ta ing babagan kang luwih rumit, luwih amba wilayahe sikap kaku iku bakal tansah katut.

Manungsa kang pana, wasis temtu nora mung dhuwur kapinterane. Ananging uga kudu duwe kawicaksanan migunakake kapinterane. Trep ing ngendi bae panggone. Manungsa-manungsa wicaksana kaya mangkene iki kang wangun antuk aran berbudi luhur. Kaluhurane katilik saka sikape kang ngormati apa bae kang ana ing kiwa tengene.

Kawruh, warisan kabudayan saka wuri kaya dene tatakrama sabisa-bisane dijaga supaya tetep lestari. Sabisa-bisane uga babagan kaya mangkana dikembangake, dilaksanakake kanthi trep nut jamane. Manungsa Jawa abad 21 kudu migunakake olah pikir lan olah rasane kang nut jamane. Yen ta isih nganggo cara abad sangisore, apa bedane karo manungsa Jawa kang karanan primitif?

Jawa ing jaman saiki wis kudu ngatonake sikape kang diwasa. Sikap kang luwes, manjing ajur ajer mring kahanan. Borobudur, Prambanan, wayang kulit, lan wujud kabudayan liyane dadi tetenger menawa sikap luwes lan tinarbuka kuwi wis ana ing Jawa atusan kepara ewonan taun kapungkur. Sikap kaya mangkana nyata uga minangka pawujudan adi-kabudayan. Eman, arang kang niteni utawa suka adi-gati.

Kang cetha, tatakrama kaya dene kang wis diwulangake ing pawiyatan kudu tetep dilestarekake. Iku sawijining warisan saka para luhur. Dene, kasunyatan kang ana kang nora padha karo apa kang diwulangake ing pawiyatan sumangga didadekake "buku wacan" kang kudu tansah diwaca kanthi permati kang sabanjure bisa nuwuhake kawruh pribadi kang manteb. Pribadi kang mandhiri, diwasa, sarta tansah eling lan waspada.



Piwulang Jawa wewujud kontribusi manjuni karakter

Dening: Sri Paminto

Pengurus MGMP Bahasa Jawa SMA Provinsi Jawa Tengah

Miris mangerteni kabar tiwase Ahmad Budi Cahyono, guru kesenian ing SMAN 1 Torjun, Kabupaten Sampang, Madura, Jawa Timur kang dipilara muride dhewe. Genea kadadean mangkono bisa kalakon? Sapa sing kudu disalahake? Bocah ndhugal mau, wong tuwane, para guru, apa pasrawungane anggone dolan?

Informasi ala ing internet mbebayani tumrap panggulawenthahing siswa. Akeh siswa sing duwe pakulinan ing saben wayah lan papan nggrayangi *gawai* saperlu dolanan satemah lali ngibadah, mangan, sinau, lan wektu. Kita kudu ngakoni menawa generasi mudha saiki ing sajroning bebaya tumrap karakter lan kasantunan (tata krama). Piwulang becik, patuladhan unggah-ungguh, lan budi pekerti saya didohi lan dianggep prakara kang kolot, basa-basi, lan ora pas.

Program Penguatan Pendidikan Karakter (PPK) ing sekolah kang wis didhawuhake pamarentah lumantar Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan (Kemendikbud) sajake isih kudu diakoni menawa cak-cakane durung trep. Ing saperangan sekolah durung tumata kanthi becik, isih tumpang suh lan tabrakan karo ancase sekolah kang amung ngoyak *kompetensi kognitif* tumrap murid. Contone siswa kudu lulus 100 persen, biji kang dhuwur, akeh kang



lulus SNMPTN lan SBMPTN, lan sapanunggalane. Kebijakan sekolah limang dina *(full day)* kang saiki dicakake mesthine luwih nguwatake *pendidikan karakter*.

Guneman siswa kang sopan nalika wicara lan tumindak kang saiki wis ora pati digatekake. Apa maneh rasa urmat marang wong liya, marang wong tuwane dhewe wae kalamangsane akeh kang wis padha luntur. Guneman karo wong tuwa nganggo basa ngoko, apa maneh menawa dituturi kerep maido utawa kakehan alesan. Bocah saiki umume wis ora wedi goroh marang wong tuwane. Laku sosial kang geseh mau mbokmenawa njalari tuwuhe tumindak ala.

Piwulang Jawa ora amung ndhudhah prakara basane. Luwih saka kuwi bisa nyinau lan methik kawruh lan wujuding budaya. *Aspek* budaya Jawa iku perangane luwih jero lan akeh banget. Wiwit saka jinise, proses, unsur, isi, piwulang langsung utawa sinandhi.

Ing tataran kurikulum sekolah, wujud budaya Jawa wis diwulangake saka tataran SD, SMP, lan SMA. Kaya ta piwulang carita wayang, kethoprak, sandiwara Jawa, tari, wangunan omah Jawa, panganan tradhisonal, upacara adat Jawa, lan tembang macapat. Tembang umume kapethik saka serat (karya sastra) yasane para pujangga lan pawongan jaman biyen. Kayata *Serat Wulangreh* anggitane Sinuwun Pakubuwana IV ing Surakarta lan *Serat Wedhatama* utawa *Serat Tripama* anggitane Kanjeng Gusti Pangeran Arya Adipati (KGPAA) Mangkunegara IV.

Ngrembug macapat, murid ora amung mangerteni lan gladhen larasing nembang. Luwih saka kuwi siswa uga nyinau lan nulad marang isi lan piwulang kang ana ing tembang. Kaya ta pethilan tembang Dhandhanggula ing Serat Nayakawara anggitane KGPAA Mangkunegara IV.

Werdining kang wasita jinarwi
Wruhing kukum iku watakira
Adoh marang kanisthane
Pamicara puniku
Weh reseping sagung miyarsi
Tata krama punika
Ngedohken panyendhu
Kagunan iku kinarya
Ngupa boga, dene kelakuan becik
Weh rahayuning angga.

Piwulang ing tembang mau menawa dionceki ngandharake yen kepengin uripe becik, kudu gondhelan limang prakara. (1) Ngerti pranatan (wruh ing kukum) supaya ora tumindak salah (nglanggar aturan). (2) Yen guneman dijaga sing sopan (kepenak dirungokake utawa ora gawe tatuning ati). (3) Nggatekake tata krama saben solah bawa utawa tindak-tanduk ing pasrawungan. (4) Wong urip kudu darbe kabisan kanggo dalane golek rejeki, lan (5) tindak tanduk kang becik mau sabanjure bakal nylametake dhiri.

Ragam krama ing basa Jawa (BJ) bisa digunakake kanggo nggula wenthah lan mangun karakter. Emane durung kabeh wong tuwa utawa bebrayan nglegewa lan migunakake. Umume basa krama disengguh angel, njlimet, lan ora njamani. Pawadan mau sejatine kleru. Ragam krama ngemu sopan santun kang dhuwur lan beda tinimbang basa liyane. Saben panutur rumangsa padha ngajeni. Minangka basa, ragam krama ora amung dadi sarana komunikasi wae, nanging uga njaga sopan santun kang padha wawan-gunem.

Basa Jawa krama bisa diarani basa kang "sekti" amarga mujudake gabungan antarane kompetensi kognitif, keterampilan micara, lan tata krama. Kanthi dikulinakake latihan micara krama wiwit cilik, bocah-bocah ora amung ajar guneman, nanging uga mangun karakter kang becik. Piwulang kang dianggep wigati ing karakter kuwi ana loro, yaiku urmat lan tanggung jawab.

Minangka komunitas kang darbe jati diri wong Jawa, sinau migunakake basa krama ing pacelathon kulawarga lan bebrayan mesthi akeh munpangate. Wong kang micara nganggo basa krama bakal duwe watak santun lan empan papan. Sawetara basa diarani santun menawa darbe perangan: 1) migunakake tembung-tembung kang santun, 2) ora duwe teges ngenyek, 3) ora ngremehake kancaning guneman, 4) ora duwe teges mrentah kanthi langsung, lan 5) ngajeni wong liya.


Ing basa krama ora nepungake basa kanthi rasa emosi. Kosok-baline basa krama ngandharake tetembungan kanthi rasa kang alus, samadya, supeket, lan kebak ing kesantunan. Mula, ora ana critane wong nyuntakake rasa nesu nganggo tembung krama, sabab bakal keprungu lucu lan aneh. Wong nesu umume nganggo basa Jawa kasar, misuh, lan ngemperake wong sing dipisuhi kaya sato kewan.

Wusanane, wong tuwa, masarakat, pinisepuh, guru, lan pamarentah darbe ayahan gedhe kanggo mangun mentalitas pendidikan lan akhlaking bangsa. Mula, prakara *pendidikan karakter* lan budi pekerti aja nganti amung digarap setengah ati lan mangga padha diniyati kanthi tulus.

Supatane Begawan Sukra


8-9

DENING BANUARLI AMBARDI





PUSTAKAAN
BALAI BAHASA JAWA TENGAH


DEWAYANI BANJUR NGAKU NGENANI DHEWEKE SARTA NGENALAKE PARA PANDHEREKE.
NAMI KULA DEWAYANI, ATMAJA-NIPUN BEGAWAN SUKRA.
PARAMPARANIPUN PRABU WRESAPARWA SAKING KRAJAN GIRIGANGSA.
DENE WANITA ING-KANG CELAK KULA PU-NIKU YAYI SARMISTHA, ATMAJANIPUN PRABU WRESAPARWA.
NUWUN SEWU... WONTEN KARSA PUNAPA PADUKA RAWUH ING RIKI?
INGSUN MAU NGOYAK KIDANG, KELANGAN LACAK. WUSANA TEKAN ING KENE.
YEN PAPAN IKI KA-LEBU WEWENGKONIRA... INGSUN NEDYA TUMULI LUNGA SAKA KENE... NANGING...
PRABU YAYATI KEPRANAN MARANG DEWAYANI. SEMONO UGA DEWAYANI MARANG PRIYA KASEBUT
GETERING ATI TRESNA KANG DURUNG KAWEDAL ING LESAN, NITIR ING DHADHA.
9



Cublak-Cublak Suweng

Cublak-cublak suweng

Suwenge ting gelenter

Mambu ketundhung gudel

Pak empong lera lere

Sapa ngguyu ndhelikake

Sir sir pong dhele kopong

Sir sir pong dhele kopong





Aja Nganti
Kabudayan Jawi Sirna

Pesenan iki diaturke dening :
BALAI BAHASA JAWA TENGAH